ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ ЎӘЗИРЛИГИ

ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫ

Қол жазба ҳуқықында

АРЗИЕВА РОЗА БАХАДЫРОВНА

# КИШИ МЕКТЕП ЖАС ДӘЎИРИНДЕГИ ӨЗЛЕСТИРМЕЎШИ ОҚЫЎШЫЛАРДЫҢ ПСИХОЛОГИЯЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИКЛЕРИ

**Қәнийгелик: 5А140802 «Психология»**

**Магистр академиялық дәрежесин алыў ушын жазылған**

# ДИССЕРТАЦИЯ

**Илимий басшы: психология илимлериниң**

**кандидаты _____________З.Шеримбетова.**

**НӨКИС — 2009 жыл**

## Мазмуны.

**Кирисиў……………….**……………………………………………3

**I-Бап.ӨЗЛЕСТИРМЕЎШИ ОҚЫЎШЫЛАР МАШҚАЛАСЫНЫҢ ПЕДАГОГИКА ХӘМ ПСИХОЛОГИЯДА ҮЙРЕНИЛИҮИ**……....9

1.1.Өзлестимеўшилик машқаласының шет ел алымлары тәрепинен үйренилиўи……………………………...………………..………9

1.2. Өзлестирмеўшилик машқаласының жергиликли психолог алымлар тәрепинен үйренилиўи……………..…………………….....…17

1.3. Киши мектеп жасы дәўиринде шахстың раўажланыўы…….……………………………………………………….19

Бап бойынша жуўмақлар…………………………………………..….29

**II-Бап.ӨЗЛЕСТИРМЕЎШИЛИКТИ ЖҮЗЕГЕ КЕЛТИРИЎШИ ФАКТОРЛАРДЫ ЭКСПЕРИМЕНТАЛ ҮЙРЕНИЎ**………………31

2.1. Изертлеў методологиясы ҳәм өзлестирмеўшиликтиң социал-психологиялық факторлары……..………..…………………………31

2.2. Өзлестирмеўши оқыўшылардың дыққаты ҳәм есте сақлаўының өзгешеликлери………………………………………………...…..…35

2.3. Өзлестирмеўшиликтиң коррекциясы бойынша шынығыўлар комплекси……………………….……..……………………40

2.4. Бақлаў тәжирийбелери……………………………………….....45

2.5.Оқыўшылар өзлестирмеўшилигиниң профилактикасы…………...51

Бап бойынша жуўмақлар……………………………………..….69

**ЖУЎМАҚЛАЎ**……………………………….………….....…71

**ПЕДАГОГИКАЛЫҚ – ПСИХОЛОГИЯЛЫҚ УСЫНЫСЛАР**…..76

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР**……………………...…….78

**ҚОСЫМШАЛАР**……………………………….……………86

## Кирисиў.

Өзбекстан республикасының ғәресизлигиниң дәслепки жылларынан баслап-ақ тәлим – тәрбия системасын түптен реформаластырыў, илимий кадрлар таярлаўды заман талаплары дәрежесине көтериў мәселеси үстем тараў сыпатында белгиленди. Себеби, тәлим Өзбекстан халқы руўхыятына жаңадан күш бағышлаўы, өсип киятырған жас әўладтың барлық жақсы пазыйлетлериниң пайда болыўы өз-өзинен анық еди. Тәлимниң жәмийетимизди социал-экономикалық, сиясий мәдений руўхый раўажланыўындағы шексиз әҳмийети итибарға алынып, 1997 жыл Олий мажилистиң IX-сессиясында тәлим-тәрбия системасын түптен реформаластырыў, оны заман талаплары дәрежесине көтериў тийкарғы мақсет етип алынған. Әне сондай актуал мәселени әмелге асырыўда халқымыздың миллий дәстүрлерин үйрениў ҳәм оннан баркамал әўладты тәрбиялаў ушын пайдаланыў үлкен әҳмийетке ийе. Солай екен, баркамал инсанды қәлиплестирместен турып, жәмийетти ҳәзирги дәўир талабы дәрежесинде раўажландырыў мүмкин емес. Ҳәзирги дәўирдеги миллий тиклениў идеясы қәлиплесип атырған жәмийетте руўхый ағартыўшылық орталық саўалландырылып атырған, миллий дәстүрлер, инсан ҳуқықы ҳәм ерки тикленип атырған, экономикалық күш-қуўаты пайда болып атырған бир шәраятта баркамал инсан дегенде сондай социал-сиясий, руўхыйлық-ағартыўшылық тәреплери комплексин(жыйнағын) өзинде бирлестирген, жәмийетте өзлигин ҳәм өз уқыплылығын ҳәр тәреплеме пайда ете алатуғын, ақыллы, дүнья билимлерин терең ийелеген, ақылый жақтан жетик, физикалық жақтан дени саў, турмыс гөззаллықларын сезе алатуғын, еркин дөретиўши шахс есапланады. Халқымыздың миллий санасы, миллий мақтанышы, руўхый дүньясы күннен күнге байып бармақта. Бул болса ғәрезсиз мәмлекетимиздиң руўхый тийкарын жәнеде беккемлеўге имканият жаратып береди. Бирақ буннан руўхый тараўда ҳеш қандай машқала жоқ , деген жуўмақ шығарып болмайды . Бүгинги күнде еркин пуқара руўхыятын, азат шахсты

қәлиплестириў мәселеси алдымызда турған eң актуал мәселелрдиң бири есапланады. Ҳәр тәреплеме жетик, билимли, Еркин пикирлеўши шахсларды тәрбиялаўда баслаўыш классларда берилетуғын тәлим ҳәм тәрбияның роли шексиз. Бул ҳаққында журтбасшымыз И.А.Каримов 1997 жылда болып өткен Олий Мажилистиң IX-сессиясында сөйлеген сөзлеринде төмендегилерди айтып өткен еди. «Ески тәлимниң eң бир унамсыз тәрепи баслаўыш тәлимге екинши дәрежели деп жумыс деп қарап атырғанлығымызда. Ашық айтыўымыз керек . Билими сайыз оқытыўшылар да баслаўыш классларға сабақ береди . Баланың дүняқарасы , билими раўажланатуғын баслаўыш классларға жетик, билимли устазлар сабақ бериўи керек, буны бизиң әпиўайы мантықтың өзи талап етеди.[1] Бахытқа қарсы ҳәр бир класста 3-4 оқыўшы болсада, өзлестирмеўши оқыўшылар бар. Бундай оқыўшылардың билиў процесслери арқада қалып ғана қалмастан, досларының да өзлестриўине белгили бир дәрежеде унамсыз тәсирин көрсетеди. Соның ушын баслаўыш класслардағы өзлестирмеўши оқыўшылардың психологиялық өзгешеликлерин үйрениў ҳәм оны коррекция етиў педагогикалық ҳәм жас айырмашылық психологиясындағы актуал мәселелердиң бири есапланады.

Психологлар , дидактлар, методистлер тәрепинен өзлестирмеўшилик себеплерин, оны жоқ етиў бойынша бир қатар изертлеўлер алып барылған. М.Г.Гельмонт, М.С.Славина, И.Ломпшер, Н.А.Менчинская ҳәм басқа алымлар өзлестирмеўшилик машқаласын үйренген.

***Изертлеў жумысының предмети***. Киши мектеп жасындағы өзлестирмеўши оқыўшылардың психологиялық өзгешеликлерин үйрениў есапланады.

***Изертлеў объекти***: баслаўыш класслардағы өзлестирмеўши оқыўшылар.

***Изертлеў жумысының мақсети***: баслаўыш класс оқыўшылары сабақларды өзлестире алмаўының психологиялық себеплерин анықлаў ҳәм

[1] И.А.Каримов. Баркамол авлод Ўзбекистон тараққиётининг пойдевори. –Т. : Шарқ. 1999.-Б. 13.

өзлестирмеўшиликти жоқ етиў бойынша коррекциялық дәстүр ислеп шығыўдан ибарат.

Изертлеў жумысында төмендеги ***гипотеза*** илгери сүриледи: баслаўыш класстағы өзлестирмеўшиликтиң жүзеге келиўине төмендеги факторлар себеп болыўы мүмкин:

1) Баланың мектепте оқыўға психологиялық жақтан таяр болмастан оқыўға келиўи.

2) Оқыўшыларда еркин дыққаттың , есте сақлаў, ойлаў процесслериниң, оқыўға деген унамлы мотивациясының төмен раўажланғанлығынан.

3) Ата-ананың перзенти оқыўын бақлап бармаўынан ҳәмде оқытыўшының бундай оқыўшылар менен арнаўлы индивидуал шуғылланбаўынан келип шығады. Егерде бундай оқыўшылар менен индивидуал ҳәм топарлық шуғылланса, билиўпроцесслери раўажландырылса, өзлестирмеўшиликтиң кемейиўине алып келиўи мүмкин.

***Изертлеў жумысының ўазыйпалары:***

1) Изертлеў машқаласы бойынша педагогикалық ҳәм психологиялық әдебиятларды анализ қылыў.

2) Өзлестирмеўшиликке тәсир етиўши факторларды анықлаў.

3) Өзлестирмеўши оқыўшылар менен алып барылатуғын коррекцион дәстүр ислеп шығыў.

4) Анықлаўшы, раўажландырыўшы, бақлаў тәжирийбелерин өткериў.

5) Психологиялық-педагогикалық усынıслар ислеп шығыў.

Изертлеў жумысының мақсет ҳәм ўазыйпаларын әмелге асырыў басқышпа-басқыш әмелге 2007-2009-оқыў жыллары даўамында әмелге асырылды

Биринши басқышта сабақ ҳәм шынығыўларды бақлаў, илимий дереклерден пайдаланыў, баслаўыш класслардағы өзлестирмеўшилик машқаласының улыўма бағдарын анықлаўға ҳәрекет қылынды. Биз оқытыўшылардың өзлестирмеўшилик машқаласы ҳаққында, оны қалай жоқ етиў, устазларының бул машқаланы қалай шеиў ушын қандай

жумыслар алып барып атырғанлықлары ҳаққында пикирлерин улыўмаластырыў зәрүр деп есапладық.

Екинши басқышта- анықлаўшы тәжирийбелерде тәжирийбе ҳәм бақлаў топарларында билиў процесслери ҳәм оқыў мотивациясы изертленди. Сондай-ақ раўажландырыўшы тәжирийбелерде оқыўшыларда өзлестирмеўшиликти коррекция етиў бойынша арнаўлы психологиялық шынығыўлар өткерилди.

Үшинши басқышта - бақлаў тәжирийбелери өткерилип, баслаўыш классларда билиў процесслери қаншелли дәрежеде артқанлығы тексерилди. Алынған мағлыўматлардың исенимлилик дәрежеси математикалық-статистикалық методлар жәрдеминде есаплап шығылды. Илгери сүрилген гипотезаның дурыслығы дәлийлленди.

Изертлеўдиң ***әмелий әҳмийети*** соннан ибарат, ислеп шығылған коррекцион дәстүр ҳәм усыныслардан мектеп психологлары , оқытыўшылар, ата-аналар кең пайдаланыўлары мүмкин.

Изертлеўдиң ***теориялық әҳмийети*** сонда, онда алынған нәтийжелер педагогикалық психологияны ҳәмде психокоррекцияны жаңа мағлыўматлар менен байытады. Өзлестирмеўши оқыўшылардың психологиялық өзгешеликлери ҳаққында ҳәр тәреплеме мағлыўматлар алыўы мүмкин.

***Изертлеў жумысында төмендеги методлардан пайдаланылды***:

1.Бақлаў. Өзлестирмеўши оқыўшылар сабақ процессинде ҳәм тәнепислерде бақлап барылды, нәтийжелер күнделикке жазып барылды.

2.Бурдонның корректур сынаўы методикасы. Оқыўшылардың дыққат өзгешеликлерин үйрениў ушын қолланылды.

3.Артықшасын өшириў методикасы сыналыўшылардың ойлаў өзгешеликлерин үйрениў ушын қолланылды.

4.Мейли тести. Сыналыўшылардың есте-сақлаў өзгешеликлерин үйрениў ушын қолланылды.

5. Психологиялық-педагогикалық эксперимент. Психологиялық-педагогикалық экспериментте оқылестирмеўшилигин кемейтиў бойынша ислеп шығылған дәстүр сынаўдан өткерилди.

Алынған нәтийжелердиң исенимлилик дарежеси Стьюденттиң – т итималлық критериясы менен тастыйықланды.

***Илимий изертлеў объекти:*** Қарақалпақстан Республикасы Хожели районындағы №17- мектеп изертлеў базасы есапланады. Изертлеўде 30 өзлестирмеўши оқыўшылар ҳәм 30 өзлестириўши оқыўшылар қатнасты.

***Изертлеў жумысының методологиялық тийкарын психологияның*** тийкарғы принциплеринен бири болған сана ҳәм хызмет бирлиги принципи, Л.С.Выготскийдиң мәдений-тарийхый концепциясы, В.А.Петровскийдиң шахсқа бағдарланған дидактика принципи ҳәмде өзлестирмеўши оқыўшылар машқаласы бойынша изертлеўлер алып барған жетекши орыс психологлары (Н.А.Менчинская, Л.С.Славина, З.И.Калмикова)лардың пикирлери қурайды.

Соның менен бирге изертлеўдиң методологиялық ҳәм теориялық тийкарын «Кадрлар таярлаўдың Миллий дәстүри», «Тәлим ҳаққында» Нызам, Миллий идеология: тийкарғы түсиник ҳәм принциплери қурайды.

Изертлеўдиң ***илимий жаңалығы*** төменегилер менен көрсетиледи:

1. Оқыўшылар өзлестирмеўшилиги ҳаққында оқытыўшылардың пикирлери изертленди.

**2.** Изертлеў жумысында баслаўыш класслардағы өзлестирмеўши оқыўшылардың психологиялық өзгешеликлери, өзлестирмеўшиликти келтирип шығарыўшы факторлар үйренилди.

**3.** Баслаўыш класслардағы өзлестирмеўши оқыўшылар психокоррекциясы ҳәм психопрфилактикасы бойынша шынығыўлар ҳәм илажлар системасы ислеп шығылды.

**4.** Баслаўыш класларда оқыўшыларда билиў процесслериниң раўажланыўы ҳәм өзлестирмеўшилик ҳаққындағы байланыслылық анықланды.

***Қорғаўға усыныс етилетуғын тийкарғы жағдайлар***:

1. Баслаўыш класслардағы өзлестирмеўшиликтиң жүзеге келиўи оқыўшылардың билиў процесслеринен дыққат, ойлаў, есте сақлаў процесслериниң төмен раўажланғанлығы менен байланыслы (Бурдон, Мейли, Артықшасын өшириў методикалары нәтийжелери бойынша).

2. Өзлестирмеўшиликтиң жүзеге келиўине көбирек ата-аналар айыпкер. Өзлестирмеўшиликтиң жүзеге келиўиниң себеплеринен бири аналардың өз ўазыйпаларын аңламаўлары.

3. Өзлестирмеўши оқыўшыларда билиў процесслери ҳәм унамлы оқыў мотивациясын раўажландырыў арқалы өзлестирмеўшиликти коррекция етиў мүмкин.

Изертлеў ***нәтийжелерин сынаўдан өткериў*** төмендеги формаларда әмелге асырылды. Иститутымызда ҳәр жылы өткерилетуғын илимий-теориялық ҳәм илимий-методикалық әнжуманларда қатнасыў аркалы нәтийжелер жәрияланып барылды. Изертлеў нәтийжелери Әжинияз атындағы НМПИ «Педагогика ҳәм психология» кафедрасында Илимий методикалық семинарларда талықланған. Изертлеў нәтийжелери институт көлеминде баспадан шығарылған топламларда жәрияланды.

**Диссертацияның дүзилиси**

Диссертация кирисиў, 2 бап, жуўмақлаў ҳәм усынıслар, әдебиятлар дизими ҳәм қосымшалардан ибарат. Илимий изертлеў жумысының мазмуны – 85 бет жазба текстте баян етилген болып, онда - 6 таблица, - 3 гистограмма ҳәм – 100 атамадағы әдебиятлар дизими берилген.

Төменде өзлестирмеўшилик машқаласының педагогикалық ҳәм психологиялық әдебиятларда үйренилиўи бойынша теориялық анализди нәзериңизге усынамыз.

# І-БАП. ӨЗЛЕСТИРМЕЎШИ ОҚЫЎШЫЛАР МАШҚАЛАСЫНЫҢ ПЕДАГОГИКА ҲӘМ ПСИХОЛОГИЯДА ҮЙРЕНИЛИЎИ.

## 1.1. Өзлестирмеўшилик машқаласының шет ел алымлары тәрепинен үйренилиўи.

Қандайда бир органикалық кемшиликлерге ийе болмаған оқыўшы мектеп дәстүри көлеминде билимлерди өзлестириўи мүмкин екенлиги мектеп әмелиятында дәлийлленген, бирақ өзлестириўдиң зәрүр дәрежесине барлық жағдайларда ерисиў қыйын, айырым оқыўшылар оқыў материалын қыйыншылық пенен өзлестиреди. Олардың айырымлары тийкарғы пәнлер бойынша узақ ўақыт өзлестире алмайды. Педагогика пәниниң түрли тараўлары қәнийгелери бул машқаланың ол яки бул тәреплерине де итибар қаратады. Дидактлар изертлеў объекти сыпатында педагогикалық шәраятларды, өзлестиримеўшиликти жоқ етиўге имкан беретуғын оқыў-тәрбия процессиниң өзгешеликлерин үйренеди. Психологлар оқыў процессинде болатуғын өзлестирмеўши оқыўшының шахс өзгешеликлери, олар оқыў хызметиниң өзине тәнликлерин анықлаўға итибар береди.

1928 жылда П.О.Эфруссидиң оқыўшылар өзлестирмеўшилигиниң себеплерин анализ қылыўға ҳәм оны жоқ етиў бойынша илажлар системасына байланыслы мийнети бар. Автордың көрсетиўинше, өзлестирмеўшилик , физиологиялық, экономикалық, психосоциал ҳәм басқада себеплерге байланыслы. П.О.Эфрусси өзлестирмеўши оқыўшыларға тән болған төмендеги өзгешеликлерди айтып өткен: дыққаттың турақлылығы, әсте ҳәрекет етиў, улыўма раўажланыўдың төменлиги,өз күшлерине исенбеўшилик, қыялдың төменлиги, сөз байлығының өзлестирмеўши оқыўшыларға тән болған төмендеги өзгешеликлерди айтып өтеди: дыққаттың турақлылығы, тез алаң болыў, улыўма раўажланыўдың төменлиги, әсте ислеў, өз күшлерине исенбеў, қыялдың бир қанша төменлиги, сөз байлығының кемлиги, ойлаў процессиниң күшсизлиги, өзин еле толық дәрежеде емес екенлигин сезиў. П.О.Эфруссидиң изертлеўи оқыўшылар өзлестирмеўшилиги машқаласына

ҳәр тәреплеме жантасқанлығы менен қызығыўшылық оятады. Дидактлардың жумысларында өзлестирмеўшилик себеплерин анализ қылыўға көбирек дыққат аўдарады. Буның менен байланыслы рәўиште мектепте тәлим методикасы ҳәм оны шөлкемлестириў, шаңарақтағы тәрбия шәраятлары ҳәм басқалар қарап шығылады.Соның менен бирге дәслепки жумысларда (А.М.Гельмонт ҳәм С.М.Ривес) өзлестирмеўшиликти жоқ етиў бойынша ҳәм оқыўшылары жоқары өзлестириў дәрежесине ерискен алдыңғы оқытыўшылар тәжирийбелерин улыўмаластырыўғада итибар берген. М.А.Даниловтың шығармаларында оқыў ислери сыпатын арттырыў, тийкарғы дидактикалық принциплерди әмелге асырыў тийкарғы идея болып есапланады. М.А.Данилов оқыўшылар билими сыпаты ҳәм өзлестирўди белгилейтуғын себеплер қатарына төмендегилерди киритеди: оқыўшыға тәлим ҳәм тәрбия бериўде оқытыўшы жумысының сыпаты, үй ўазыйпасын орынлаўды шөлкемлестириў, күн тәртиби ҳәм шаңарақта бақлаў, оқыўшыға болған жәмәәттиң пикири, оқыўшының үзликсиз ақылый мийнетке көнлигиўи. Соның менен бирге автор өзлестирмеўшилик себеплерин жоқ етиўде үйде ҳәм класста сабақ ўақтында оқыўшылардың өз бетинше жумысларын шөлкемлестириўге үлкен әҳмийет береди. Улыўма дидактикалық талаплардан тысқары сабақты шөлкемлестириўде, оқыўшылардың өз бетинше жумысларында жоқарыдағы китапларда айырым оқыўшыларда сабақтан артта қалыўды жоқ етиў жолларынан бири сыпатында оларға индивидуал жантасыў зәрүрлигин айтып өтеди. Бул мәселени қарап шығыўда дидактика психологияға жақын келеди. Бул авторлар тәрепинен ҳәр бир оқыўшыны үйрениў, оқыўда арқада қалыўдың психологиялық өзгешелигин үйрениў тийкарғы ўазыйпа сыпатында илгери сүриледи. Жоқарыда атап өтилген дидактикалық жумысларды анализ қылып өтетуғын болсақ, билимлерди табыслы өзлестириўге жәрдем беретуғын психологиялық өзгешеликлерди ашыўда жеке система бар емес екенлигин аңлаў қыйын емес,оларда тийкарынан шахстың айрықша өзгешеликлери

көрсетиледи, улыўма шахстың өзгешеликлери менен сәйкеслигине итибар берилмейди. Өзлестирмеўшиликтиң себеби сыпатында оқыўшының ақылый шаршаўынан қашыўға мейиллиги көрсетиледи. А.М.Гельмонт ҳәм С.М.Ривес оқытыўшылардың тәжирийбелерин улыўмаластырып, педагоглардың бақлаўларынан алынған материалларын келтирип өтеди. “Класс пенен ислегенимде, ким үйренилип атырған материалды тез қабыл ете алмаўын, тез пикирлей алмаўын , көбирек көргизбелилик ҳәм анықлық талап етиўди, кимниң тез қабыл етиўин, кимниң тез еслеп қалыўын, кимниң қабыл етиўиниң күшли екенлигин билиўге ҳәрекет қыламан”

Бирақ бул материаллар оқыўшы өзлестирмеўшилигиниң түп мазмунын ашып бере алмайды. Бул сораўға жуўапты психологиялық изертлеўлерден табыў мүмкин. Бундай изертлеўлердиң дидактикалық тийкарын А.М.Гельмонт жумысларында ушыратыў мүмкин. Бул жумысларда оқыўшылар өзлестирмеўшилигиниң себеплери ҳәм олардың дифференциал анализи келтирилмеген, А.М.Гельмонт “өзлестирмеўшиликтиң еки категориясын ажыратып көрсетеди”.

Автор биринши топарға “оқыўда улыўма артта қалыў” жағдайларын киритеди, оыўшы дерлик барлық пәнлерден узақ ўақыт даўамында өзлестирмейди. Екинши топарға тийкарынан турғын өзлестирмеўшилик , тийкарғы пәнлердиң айырымларынан өзлестирмейтуғын оқыўшыларды киритеди. А.М.Гельмонт өзлестирмеўшиликти ажыратыў критериясы сыпатында тек ғана педагогикалық емес, ал психологиялық характерге ийе болған унамсыз ҳәдийсени жоқ етиўдиң жеңиллик дәрежесин усынады. Бул жағынан алып қарайтуғын болсақ барлық пәнлерден арқада қалыў менен характерленетуғын улыўма өзлестирмеўшилик ең аўыр формасы есапланады. Автор мектеплерде өзлестирмеўшиликке қарсы алыа барылатуғын илажлар менен жоқарыдағы өзлестирмеўшилик арасында байланысты анықлады. Ўақты-ўақты менен өзлестирмеўшилик 75% тийкарынан турғын өзлестирмеўшилик 61% биринши тайпадағы өзлестирмеўшилик 29% дүзетиўге алып келген. Жоқарыда келтирилген

материалларды анализ қылыў нәтийжесинде, сондай жуўмаққа келиў мүмкин, өзлестирмеўши оқыўшыларға салыстырғанда мектеп қолланылып атырған илажлардың жекиликли дәрежеде нәтийже бермеўи оқыўшылар менен олардың психологиялық өзгешеликлерин , шахс тәреплерин, оқытыўдың характерли тәреплерин, есапқа алған жағдайда индивидуал жумыслар алып барылмағанлығы менен түсиндириў мүмкин. А.М.Гельмонт санап өткен оқыўшылардың өзгешеликлери менен байланыслы себеплер өз-ара байланысқа ийе. Автордың пикиринше, узақ ўақыт өзлестирмеўшилик, руўхый түскинликке алып келеди, өз күшине исенбеў, соңын ала оқыў процессиниң қурамаласыўын келтирип шығарады. Жоқарыда санап өтилген психологиялық өзгешеликлер өзлестимеўшилик машқаласын шешиўде тийкарғы әҳмийетке ийе. Бул жағдайлар Л.С.Славинаның өзлестирмеўши ҳәм тәртип бузар оқыўшыларға арналған китабында жәнеде раўажландырылған. Л.С.Славина тәрепинен өзлестирмеўши оқыўшылардың ақылый хызмети өзгешеликлери "интеллектуал пассивлик" деп аталыўы айрықша қызығыўшылық оятады. Бул өзгешелик ойлаўды қәлемеў,хәр қандай ақылый шаршаўдан қашыўға умтылыўда көринеди. Буны оқыўшылар оқыў хызметин әмелге асырыўда, мәселен есаплаў шынығыўларын орынлап атырғанда көриў мүмкин.

Л.С. Славина төмендегише тәжирийбе өткереди: оқыўшыларға арифметикалық шынығыўларды оқыў хызметинде емес, дидактикалық ойынларда орынлаўды усыныс етти. Нәтийжеде бундай шәраятта оқыўшыларда интеллектуал пассивлик көринбеди. Бул тәжирийбеден алынған нәтийжелер мотивацияның ролин ашып берди, мотивацияға тәсир етип , оқыў хызмети өнимдарлығын асырыўы мүмкин. Ҳәр дайым ҳәм барлық балаларда мотивациядағы бундай өзгерислер оқыў хызмети процессиндеги ойлаў операцияларын орынлаўда қыйыншылықларды кемейттириў мүмкинбе, деген сораў пайда болады.

Л.С.Славина оқыўшыларға жақсы таныс болған әпиўайы арифметикалық мысалларды орынлаўды тапсырады, унамлы тәтийже алыў ушын оларда бул тапсырмаларды орынлаў тилегин пайда етиўдиң өзи жеткиликли.

Билимлерди ийелеў яки оларды жаңа шәраятта қолланыў процессинде басқаша педагогикалық жағдай пайда болады. Тапсырмаларды орынлаў тилегиниң пайда болыўының өзи жеткиликли емес, оқыўшыларда қәлиплескен ақылый хызмет сыпатлары ойлаў операцияларын әмелге асырыў менен тығыз байланыслы.

60-жылларда өзлестирмеўшилик себеплерин жоқ етиў емес ал оның алдын алыў шәратларын үйрениўге арналған дидактикалық изертлеўлерде кескин бурылыс жүз берди. Бул болса оқытыўшылардың өзлестирмеўшилик машқаласы бойынша илимий- әмелий жумысларда кең көлемдеги қатнасы менен байланыслы еди. Оқытыўшылар өзлестирмеўшилкти жоқ етиў бойынша барлық усыллардан пайдаланып, табысларға ерисги. Усындай нәтийжелерден бири мектеплерле алып барылған жумыслар “Екинши жылға қалдырыўды жоқ етиў жоллары» деген шығармасында улыўмаластырылған. Э.И.Моносзон бул китабында Ростовлық оқытыўшылар табысының дереги неде деген сораў қойып, оған төмендегише жуўап қайтарады:

“Өзлестирмеўшиликти жоқ етиў ҳәм екинши жылға қалдырмаў ўазыйпаларын шешиў ушын оқытыўшылар барлық шөлкемлестириўшилик - педагогикалық, пикир-тәрбиялық, дидактикалық қураллардан пайдаланғанлығында . Бунда мектеп педагогикалық жәмәәтиниң таярлығы үлкен әҳмийетке ийе болды”[2].

Педагогикалық жәмәәтти характерлейтуғын өзлестирмеўшиликти жоқ етиўге психологиялық таярлық өнимли қурал ўазыйпасын атқарады.

[2] Моносзон Э.И.Успешный опыт преодоления неуспеваемости и второгодничества.Сб.:Пути преодоления неуспеваемости и второгодничества.-М.:Просвещение.1986.-С.63.

М.П.Кашиннинг айтыўынша, бундай шәраятта оқыўшылардың класстан-классқа қалдырылыўын жоқ етиў, машқаласына мүнәсибети өзгереди.

Ростовлық оқытыўшылардың барлық оқыўшылар билиў имканиятларына исениўи педагоглардың барлық оқыўшыларға бирдей жантасыўды аңлатпайды, оқыўшылардың индивидуал өзгешеликлерин есапқа алған жағдайда оларға дифференциал жантасыўды әмелге асырыў, оқыў тәрбия процессин қурамаластырыўға бағдарланған улыўма илажлар системасы ислеп шығылған.

Оқыўшылардың индивидуал өзгешеликлерин үйрениў , олар мектепке келемен дегенше өткериледи. Айырым кемшилиги бар балалар ажыратылады. Соң оларға мектептеги тәлим процессинде бул балаларға тийкарғы итибар қаратылады.

А.М.Александров, В.П.Малещенко, Э.Г.Якубалардың пикиринше, баслаўыш, орта ҳәм жоқары класс оқыўшылары ушын түрли пәнлерди оқытыўда өз бетинше жумыстың қыйынлығы бойынша дифференциал тапсырмалардан пайдаланады. Э.Г.Якубаның пикиринше , математиканы оқытыўда өзиниң күши жететуғын мәселени өз бетинше шешиў имканияты бериледи, буның менен оқытыўшы күшли оқыўшының имканиятлары ҳәм ис темпин , бос оқыўшылардың кемшиликлерин көреди, ҳәр бири менен индивидуал ислеў режесин дүзеди. А.А.Кирсанов, М.И.Махмутова, Н.Г.Атутовалардың пикиринше Татарстан мектеплеринде өзлестирмеўшиликти жоқ етиў ушын активлестириў методларынан үнемли пайдаланыўды қосып алып барыў ҳаққында айтып өтеди. Машқаланың педагогикалық тәреплери анализ қылынған дидактикалық жумысларда оқыўшы қандай оқыўы, оқыў процессинде оның раўажланыў өзгешеликлери қандай, олар мектепте дус келген қыйыншылықларды қалай етип жеңип шығады, педагогикалық тәсир нәтийжесинде оның психикасында қандай өзгерислер жүз береди , мине усыған қусаған сораўларға жуўап берилмейди. Айырым изертлеўлерде дидактикалық ҳәм психологиялық тәреплерин бирлестириўге урынып көрген. Олардың бири

А.А.Бударний, психологлардың изертлеўинше психологлардың изертлеўлерге сүйенип, сабақта оқытыўшы түсиндирген материалды биринши класс оқыўшылары түрлише қабыл етиўи ҳәм өлестириўин үйренген. Оның алған нәтийжелери бойынша оқыўшылар жаңа оқыў материалларын қабыл етиўде ҳәм түсиниўде жүдә әҳмийетли айырмашылықлардың бар екенлигин анықлаған. Ф.Ф.Королев көп мектеплерде сөйлеўинде раўажланыўда арқада қалған, көриўде еситиўде арқада қалған кемшиликлери бар балалар да оқыўды таңлаған. Бул кемшиликлер сезилмейди, бирақ оқыўшылардың өзлестириўине тәсирин тийгизеди. Мектепте өзлестирмеўшилик улыўма билим бериў мектеплеринде сөйлеўинде, көриўинде, еситиўинде ҳәм басқада кемшиликлери бар балалар да оқыўын айтып өткен. Бул кемшиликлер сезилмейди, бирақ оқыўшылардың өзлестириўине тәсирин тийгизеди. Мектеплерде өзлестирмеўшилик машқаласын шешиў ушын балалар психологиясы ҳәм педагогикалық психология тараўларында алып барылған жумысларға тоқтап өтемиз. Орыс психологларының усы машқалаға арналған жумыслары жүдә аз. Оқыўшылардың жас ҳәм индивидуал айырмашылықлары машқаласын ислеп шығыўда өзлестирмеўши оқыўшылардың психологиялық өзгешеликлери ҳаққында әҳмийетли материаллар алынған. М.Н.Волокотина баслаўыш класс оқыўшыларын үйренип, тийкарғы өзгешелик олардың мүнәсибети ҳәм ақылый установкаларында екенлигин анықлады.

В.И.Самохвалова өз изертлеўлеринде ә-класс оқыўшылары оқыўындағы индивидуал айырмашылықларды анықлаўды мақсет етип қойды.

Ол балалар минез -қулқы ҳәм шахс өзгешеликлерин үшке ажыратады.

1. оқыўға болған мүнәсибет.

2. оқыў ислерин шөлкемлестириў.

3. билим ҳәм көнликпелерди ийелеў.

Н.А.Менчинская, Д.Н.Богоявленский, З.И.Калмиковалар оқыўшылардың билимлерди өзлестириў машқаласын үйренип, бул процессте улыўма ҳәм индивидуал айырмашылық ларды анықлады.

Л.С.Виготский тәрепинен киритилген "раўажланыўдың жақын зонасы" түсинигинде үлкенлер жәрдеминде биргеликте әмелге асырылған оқыўшының ақылый имканиятлары нәзерде тутылады. Раўажланыўдың жақын зонасы, актуал зонасы бала нени еркин өзи ислей алыўында пайда болады. Грузин психологы Т.Л.Мусеридзе киши өспиримлерде өзлестирмеўшиликтиң келип шығыўын үйренген.

И.В.Дубровинаның пикиринше, психолог оқыў ислериниң дурыс усылларға үйретиў арқалы өзлестирмеўшиликти кемейтиў мүмкин. Р.С.Немовтың пикиринше, киши мектеп жасындағы оқыўшылар төмен оқыўының себеплеринен бири олардың есте сақлап қала алмаўында . Ондай оқыўшылардың орфографик саўатлылығын асырыў ушын тил сабақларында арнаўлы шынығыўлар жәрдеминде оператив есте сақлаўды раўажландырыў зәрүрлигин айтып өтеди.

## 1.2. Өзлестирмеўшилик машқаласының жергиликли психолог алымлар тәрепинен үйренилиўи.

Өзбекстан спихолог алымларынан Э.Г.Гозиев. С.А.Ахунжанова, А.Х.Югай, Р.И.Суннатова, Т.М.Адизова, З.Т.Нишановалардың илимий жумысларында да өзлестирмеўши оқыўшылар ҳаққында қымбатлы пикирлер айтылған. Э.Г.Гозиев оқыўшыларға ойлаў операцияларының, улыўмаластырыў усылларына үйретиў арқалы өзлестирмеўшиликти жоқ етиў мүмкин, деп есаплайды.

С.А.Ахунжанова баланың мектепке ийкемлесиўи арқалы өзлестирмеўшиликке тәсир етиўши субьектив факторлардан бири екенлигин айтады.Балалар мектепке қаншелли таяр болмаса, мектепке ийкемлесиў дәўири соншелли узақ ҳәм қыйын өтеди. Психологлар баланы мектепте оқыўға таяр деп, оның физикалық, психологиялық ҳәм шахсый таярлығын нәзерде тутады.

А.Х.Югай изертлеўлеринде 4-5 класс оқыўшыларының орыс тилин бос өзлестириўши оқыўшылары үйренилген. Автор орыс тилин өзлестириў бойынша арнаўлы дәстүр ислеп шығады.

Т.М.Адизова мектеп психологларының өзлестире алмайтуғын баслаўыш класс оқыўшылары менен алып баратуғын психологиялық-коррекциялық жумыслары, өзлестирмеўшиликтиң себеплери ҳаққында айрықша айтып кетеди. Автор биринши класста оқытыўдың тийкарғы қыйыншылық өзгешеликлери сыпатында мектептен психоген безиўди көрсетеди. Психоген кеселлик бул руўхый факторлар тәсиринде келип шығатуғын кеселлик есапланады. Бул кеселлик баланың мектепте, шаңаракта обьектив ҳәм субьектив орнының бузылыўы, тәлим –тәрбия процессиниң қыйынласыўы ҳәмде оның шахсый психогениниң пайда болыўы, яғный психоген кеселлиги есапланады.

Т.М.Адизова оқытыўшылардың өзлестирмеўши оқыўшылар менен алып баратуғын ис-ҳәрекетлери ҳаққында тоқталып өтеди. «Көпшилик ҳәттеки ең тәжирийбели оқытыўшылар да өзлестирмеўшилик себебин

оқыўшының ис жақпаслығы, тәрбиясызлығы менен байланыстырыўға урынады». Оқытыўшы өзлестирмеўшиликтиң түп мазмунын кем жағдайларда ғана ойлайды ҳәм өзине тән илажларды излемейди.

Р.И.Суннатова оқыўшының өзлестириўи, мектепте билим, көнликпе ҳәм жетискенликлерди ийелеўде ата-аналар, оқытыўшылар, үлкенлер жәрдем бериўи бала раўажланыўының жақын зонасы , яғный бала еркин атқара алмайтуғын тапсырмаларды үлкенлер жәрдеминде шешиўдиң әҳмийети ҳаққында айтып өтеди.

З.Т.Нишанова өзлестирмеўшиликтиң алдын алыўда баслаўыш класс оқыўшыларында дөретиўшилик қәбилетлерди қәлиплестириў машқалаларына тоқталып өтеди. Оның пикиринше ойлаў операцияларын дурыс раўажландырыў арқалы өзлестирмеўшиликти жоқ етиў мүмкин. Ол мектеп психологы пайдаланыўы мүмкин болған дөретиўшилик уқыплылығын раўажландырыўшы шынығыўлар системасын усынады.

Солай етип, Өзбекстан психологлары шығармаларында да өзлестирмеўшилик машқаласы үйренилген.

### 1.3. Киши мектеп жасы дәўиринде шахстың раўажланыўы.

Киши мектеп жасы дәўирине 6-10 жаслы баслаўыш (1-4) класс оқыўшылары киреди.Бала мектеп тәлимине бақшада тәрбияланып атырғанда таярланады. Бунда ол мектепте оқыўшыларға қойылатуғын ҳәр қыйлы талаплар менен танысады, пән тийкарларын үйрениў ушын биологиялық ҳәм психологиялық жақтан таяр болады.

Тәлимге психологиялық жақтан таярлық дегенде, баланың обектив ҳәм субектив жақтан мектеп талабына мүнәсиплиги нәзерде тутылады. Ол мектеп тәлимине дәслеп психологиялық жақтан таярланады. Оның психикасы тәлим, билим алыўға жетерли дәрежеде раўажланады. Усы жастағы баланың қабыл етиўиниң өткирлиги, рәўшанлығы, тазалығы,оеың қызығыўшаңлығы,, исениўшеңлиги, қыялының жарқынлығы, есте сақлаўының өткирлиги, ойлаўының анықлығы менен басқалардан ажралып турады. Мектеп тәлимине таярланып атырған балаларда дыққат күшли раўажланған болады ҳәм дыққаты турақлы, узақ мүддетли ҳәм шәртли болады. Бала дыққатының өзгешеликлери ролли ҳәм сьюжетли ойынларда, сүўрет салыў ҳәм қурыў- жасаў шынығыўларында, ылай ҳәм пласталиннен ойыншықлар жасаўда, басқалардың сөзин қабыл етиў ҳәм түсиниўде, математикалық әмеллерди шешкенде, гүрриң тыңлаў ҳәм дүзиўде көринеди. Бала өз дыққатын белгили бир обектке бағдарлаў, топлаў, бөлистириў бойынша белгили бир көникпелерге ийе болып, өз дыққатын басқарыў ҳәм керекли ўақытта топлаўға умтылады. Оның есте сақлаўы қызықлы, әжайып, ғарайып, адамды ҳайран қалдыратуғын мағлыўмат ҳәм ҳәдийселерди пухта есте сақлап қалыў, еске түсириў имканиятларына ийе болады. Усы дәўирге шекем тиккелей үлкенлер жәрдеминде мағлыўматларды өзлестирип жүрген болса, енди өзиниң қәлеўи менен зәрүр мағлыўматлар топлаўға, өз алдына анық мәқсетлер қойыўға ҳәрекет етеди. Баланың әне усы активлилиги бала есте сақлаўының белгили бир дәрежеде раўажланғанлығын билдиреди. Ол

қосық, гүрриң ҳәм ертеклерди есте қалдырыў ушын көп тәкирарлаўы, ядлаўдың ең қолай жолларын пайдаланыўы оған тәлим процессинде жәрдем береди.

Уллы психологлардың изертлеўлери ақыллылық пенен шөлкемлестирилген тәлим процессии усы жастағы балалардың ойлаўын жедел раўажландырады. Мысалы олар лингивистика, физика ҳәм математикаға тийисли илимий түсиниклерди өзлестиреди, әпиўайырақ мәселелер дүзеди, жеңилирек шынығыўларды орынлайды, творчестволық пикир жүритиўге умтылады. Алты жастағы балалардың психикалық таярлығы ҳаққында айтылғанда көбинесе белгили бир жоба тийкарында, тәртипли, көп қырлы мәқсетке бағдарланған, өз ара логикалық байланыс, изшил басланғыш тәлимге тийкар болатуғын психикалық өсиў дәрежесин нәзерде тутады. Сондай ақ, тәлим ушын психикалық өсиў дәрежесинен тысқары, бала турмысы ҳәм хызметиниң айырмашылықлары, шараятлары, өзине тәнлиги, оның саў саламатлығы, методикалық жақтан таярлығы, әпиўай қөнликпелерди өзлестириўи сыяқлы факторларды есапқа алыў мәқсетке муўапық. Жоқарыда көрсетилгенлердиң ҳәммеси баланың мектеп тәлимине психологиялық жақтан таярлығының обектив тәреплерин сәўлелендиреди.

Баланың мектеп тәлимине субектив таярлығы тәрепи де бар. Оның мектепте оқыўды қәлеўи, умтылыўы, үлкен жастағы адамлар менен қарым қатнасқа кирисиўге умтылыўы усы таярлық пенен үзликсиз байланыслы. Балада усы дәўирге келип оқыў, билим алыў ҳаққында туўры пикирлер қәлиплеседи. Ол мектеп коллективи ағзаларының жуўапкершиликли ўазыйпаларын аңлайды, оларға бағыныўға, олардың көрсетпелерин орынлаўға умтылады. Бирақ балалардың ҳәммеси бир қыйлы емеслиги себепли олар ортасында парықлар болады. Базы бала мектепке шын ықласы менен талпынады, оқыўға қанша ўақыт қалғанлығын үзликсиз санайды, оқыў қуралларын алдынырақ таярлап қойыўға ҳәрекет етеди. Басқа бала болса мектептен ўаз кешиўге таяр

болады. Оқыўға унамсыз көз қарас көбинесе үлкенлердиң қорқытыўы нәтийжесинде жүзеге келеди. Сондай ақ аға ҳәм апаларының мектептеги «қыйын шараятлар, жағдайлар» ҳаққындағы гәп сөзлери, үйде балаларды көбирек сабақ таярлаўға мәжбүрлеўи де оқыўға унамсыз қатнасты келтирип шығарады. Оқыўға унамсыз қатнаста болған балалар тәлим орталығына кирисиўге қыйналады, бир қатар қыйыншылықларға дуўшар болады.

Мектепте тәлим тәрбия жумысларын шөлкемлестириўде киши мектеп жасындағы балалардық анотомиялық- физиологиялық өзгешеликлери, физикалық раўажланыў дәрежесин есапқа алыў керек.

Баслаўыш класс оқыўшылары биологиялық жақтан тез өседи, оның бойы ҳәм аўырлығы, өкпесиниң көлеми теңдей өседи. Бирақ баланың сүйеклери (көкирек торы, төс қол сүйеклери) омыртқа пағанасында еле тоғайға уқсас тоқымалар ушырайды, бул болса оның еле сүйек дизими толық раўажланып болмағанын көрсетеди. Жүрек мускуллары тез өседи, қан тамырларының диаметри сәл үлкенирек болады. Мийиниң аўырлығы баслаўыш классларда 1250-1400 граммды қурайды. Мий қабығының аналитикалық- синтетикалық хызмети раўажланады, қозғалыў менен тормозланыў ортасында мүнәсебет өзгереди, бирақ қозғалыў үстинликке ийе болады. Соның ушын да баланың туўры өсиўине ғамқорлық қылыў, шаршаўдың алдын алыў, оқыў ҳәм дем алыў режимине қатаң қараў керек.

Мектеп тәлими оқыўшының турмыс тәрзин, социаллық жағдайын, класс жәмәәти ҳәм шаңарақтағы аўҳалын өзгерттиреди, оның тийкарғы ўазыйпасы оқыўдан, билим алыў, көникпе ҳәм шеберликлерди ийелеў, тәбият ҳәм жәмийет ортасындағы нызамлылықларды өзлестириўден ибарат болып қалады. Тәлим белгили бир дәрежеде уйымласқанлық, умтылыў, ерклик күш салыў, активлилик ҳәм мәқсетке муўапық хызметти талап етеди. Ықтыярсыз ис ҳәрекет орнын саналы, жобалы, ақылый мийнет ийелей баслайды. Оқыўшы бәрҳә тең қурлары менен

белгили бир класста болады. Демек оның алдында бәрҳә классс мәплерин қорғаў, жеке қәлеўлерин улыўма жәмәәтлик мәплерге қаратыў, өз ара жәрдем, өз ара талапшаңлық, социаллық жуўапкершилик ҳәм миннет сезимлерин ийелеў ўазыйпасы турады. Тәлим процессинде болса бала алдына қойылатуғын талаплар барған сайын көбейип ҳәм қурамаласып бара береди.

Оқыўдың дәслепки күнинен баслап ақ киши мектеп жасындағы баланың өсиўин ҳәрекетке келтиретуғын түрли қарама қарсылықлар, ишки кеширмелер келип шығады. Әне усылар тийкарында баладағы психологиялық раўажланыў дәрежеси ҳәм унамлы қәсийетлер менен талаплар ортасындағы қарама қарсылықлар пайда болады. Талаплардың артып барыўы баланың психикалық жақтан тоқтаўсыз өсиўин келтирип шығарады.

Киши мектеп жасындағы баланың әҳмийетли өзгешеликлериниң бири оның өзине тән зәрүрликлериниң барлығында көринеди. Бул зәрүрликлер өзиниң әҳмийетлилиги менен белгили бир билим, көникпе ҳәм шеберликлерди ийелеўге, дөгерек әтирaптағы ўақыяларды өзлестириўге қаратылмай, бәлки оқыў тилегин сәўлелендириўден ибарат. Мине усы зәрүрликлер өз портфелине, сабақ таярлаў мүйешине, китап қойыў шкафына ийе болыў тилеги, үлкенлердей ҳәр күни мектепке қатнаў сезими болады. Буннан тысқары билимлер күниндеги шадлық байрамы, оқыўшылар сапына қабыл етиў ўақты, мектеп басшыларының ҳәм оқытыўшылардың билдирген жақсы тилеклери жоқары класс оқыўшыларының жақсы билеклери баланың сезимлерине унамлы тәсир етеди. Класстағы дослары менен қатарласып, сап тартып жүриўлери, биргеликте ойнаў асханаға барыў, оқытыўшылардың үгитлери де баланы өзине тартады. Улыўма киши мектеп жасындағы бала оқыўының әҳмийети ҳәм мәнисин түсинип жетпейди, тек мектепке барыў керек деп түсинеди. Бирақ ол үлкенлердиң көрсетпелерине сүйенип шынығыўларға кирисип кетеди.

Арадан мәлим бир ўақыт өткеннен соң қуўанышлы демлердиң тәсири кемейеди ҳәм мектептиң сыртқы белгилери өз әҳмийетин жоғалта баслайды, оқыўдың күнделикли ақылый мийнет екенлигин аңлайды. Усындай ақылый мийнет көнликпесине ийе болмаса, оның оқыўдан кеўли сууыйды, онда үмитсизлик сезими пайда болады. Оқытыўшы болса усындай жағдайдың алдын алыў ушын балаға тәлимниң ойыннан парқын, қызықлы екенлиги ҳаққында мағлыўматлар бериўи ҳәм усы хызметке таярлаўы керек.

Биринши класс оқыўшысында оқыў хызметиниң өзине қызығыўшылық көзге тасланады. Арнаўлы изертлеўлерде балалар менен керексиз шынығыўлар өткерилген ҳәм оларға алдыннан бул шынығыўлар кейин керек емеслиги айтылған, бирақ балалар оларды шын жүректен орынлай баслағын. Оқыўшының жеке хызметинде ерискен дәслепке жақсы нәтийже оны басқа нәтийжелерди ийелеўге ийтермелейди. Оның оқыў хызметиндеги биринши мийнет жемиси шадлық ҳәм қуўаныш сезимлерин келтирип шығарады, билим алыў зәрүрлигин туўдырады ҳәм оқыў мотвлерин пайда етеди.

Тәлимниң мазмунына, билимин ийелеўге қызығыў оқыўшының өз ақылый мийнети нәтийжесинен қанаатланыў сезими менен үзликсиз байланыслы. Бул сезим оқытыўшының марапатлаўы менен пайда болады ҳәм оқыўшыда нәтийжелирек ислеў тилегин, талабын қәлиплестиреди. Балада пайда болған марапатланыў, өз күшине исеним сезимлери билимлерди өзлестириў ҳәм шеберликлерди беккемлеў ушын хызмеьт етеди. Марапатлаў ҳәм жазалаў өз мөлшеринде болса ғана, олардың тәрбиялық тәсири артады.

Киши мектеп жасындағы оқыўшылар хызметин баҳалаў онда оқыўға унамлы мүнәсебетти қәлиплестириўде үлкен әҳмийетке ийе.

Көпшилик қәнигели илимпазлар киши мектеп жасындағы балаларды баҳалаў унамсыз ақыбетлерге алып келеди деп есаплайды. Себеби баҳа алыў ушын ғана оқыў билимниң социаллық әҳмийетин

пәсейттириўи мүмкин. Соған байланыслы билимди тексериўдиң басқа усылларын табыў ҳәм қоллаў бүгинги күнниң актуал ўазыйпаларынан бири. Баҳадан мәсләҳәт, жол жоба, усыныс, көрсетпе сыпатында пайдаланыў мақул.

Киши мектеп жасындағы балалардың әҳмийетли өзгешеликлеринен бири олардағы оқытыўшы шахсына исеним ҳәм ҳүрмет сезими. Соның ушын да оқытыўшының оқыўшыға тәсир етиў мүмкиншилиги жудә күшли. Бала оқытыўшыны ақыл ийеси, зийрек, сезгир, меҳрийбан, ҳәтте, данышпан деп те есаплайды. Оқытыўшының абройы алдында ата аналар, шаңарақтың басқа ағзалары, ағайын туўғанлар, таныслардың абыройы кескин пәсейеди. Сол себепли балалар оқытыўшының ҳәр бир сөзин нызам сыпатында қабыл етеди.

Баланың психикалық жақтан өсиўи нәтийжесинде оның оқытыўшының дәрежесине мүнәсебети өзгереди, себеби онда саналы ис ҳәрекет зәрүрлиги туўылады. Оқыўшыда бир талай машқалалар, сораўлар пайда болады. Ол турмыста ҳәмме нәрселер өзи ойлағанындай аңсат емеслигин түсине баслайды. Усы сораўларға өзи жуўап табыўға умтылады, усы сораўларды басқаларға бериўге де умтылады.

Тәлим процессинде оқытыўшы өзиниң абройынан ақыллылық, әдиллик пенен пайдаланып, оқыўшыларды жәмлесиў, мийнетсүйгишлик, оқыўға унамлы көз қарас, өз дыққатын басқарыў, минезин услай алыў, өзин тута билиў, қыйыншылықларды жеңиў сыяқлы пәзийлетлерди қәлиплестириў керек. Буның ушын ҳәр тәреплеме тәсир көрсетиў усылын қолланыў керек.

Улыўма билим беретуғын мектеплердиң таярлық классларында алты жастағы балаларды оқытыў ҳәм тәрбиялаў ўазыйпасын табыслы шешиў ушын муғаллимлер бул жастағы балалардың анатомия-физиологиялық ҳәм психологиялық өзгешеликлерин жақсы билиўи зәрүр.

Алты ҳәм жети жастағы балалар арасында бир жас парқ болса да, бир-биринен бир қанша дәрежеде өзгешеликке ийе болады. Алты жасар бала бир жас киши болып ғана қоймастан ол анатомия-физиологиялық сапа өзгешелиги менен ажыралып турады. Сонлықтан да жети жастағы балаларды оқытыў формалары, мазмун ҳәм методларын мектеплердиң алты жастағы балалар оқыйтуғын таярлық классларында қалай болса солай көшириў үлкен қәте болады. Алты жастағы балаларды оқытыў ҳәм тәрбиялаў, олардың физикалық ҳәм психикалық өзгешеликлерин ҳәм мүмкиншиликлерин есапқа алыў менен қурылыўы керек.

Жети жастағы биринши класс оқыўшыларын оқытыўдан сапа жағынан белгили дәрежеде басқаша болыўы тийис. Бул өзгешеликлерди төмендегише қарайды.

Атап айтсақ, таярлық классына баратуғын алты жастағы балалар арасында индивидуал айырмашылықлар билим алыў психикалық процесслердиң жеке сыпатларының ҳәм қәсийетлериниң раўажланыў дәрежеси бойынша әдеўир өзгешелик бар. Шаңарақта олардың ҳәр қыйлы турмыс ҳәм жумыс жағдайларына, олардың ден-саўлығына бола усындай болады. Алты жастағы балаларды характерлейтуғын ең әҳмийетли нәрсе, бул жетекши бир жумыстан екиншисине өтиўи, ойыннан-оқыўға кем-кемнен өтиўи.

Биз балалардың метепке таярлығын қарағанымызда алты ҳәм жети жасар балаларды өз алдына раўажланыў өзгешеликлерин үйренип шығамыз. Алты жастағы балалардың психологиялық өзгешеликлерине келсек, бунда олардың улыўма тенденсияларын көрсетиўимиз керек. Бул жаста ерксиз психикалық басым хызмет ҳәм минез-қулық формаларынан, еркли формаларына кем-кемнен өтеди. (Әлбетте, әпиўайы ҳәм салыстырмалы дәрежеде сийрек формада көринеди). Бул балалардың қабыл етиўи аналитикалық характерге ийе бола баслайды. Олар бағдарланыў - изертлеў жумысларының әпиўайы формалары тийкарында

объектлердиң айырым тәреплерин сыпатларын ажыратыўға уқыплы. Олар қызығыўшаң болады.

Алты жастағы баланың минез-қулқында жеке сыпатларының қәлиплесиўинде үлкен айырмашылықларының бар екенлигин нәзерде тутыў керек. Алты жас жеке адамның сыпатларының, оның белгили дәрежеде көринислериниң ҳақыйқый қәлиплесиўиниң басланғыш дәўири. Бул жаста минез-қулықтың жаңа типи қәлиплесе баслайды. Жеке мотивлер менен бирге жәмийетлик мотивлер де үлкен әҳмийетке ийе бола баслайды. Моральлық сезимлер, мәселен, миннет ҳәм жуўапкершилик сезими кем-кемнен қәлиплесе баслайды. Өз ҳәрекетин ҳәм минез-қулқын бақлаў уқыбы әдеўир артады. Өзине-өзи баҳа бергенде алты жастағы бала әлбетте биринши гезекте үлкенлердиң, ата-аналарының, оннан соң муғаллимлердиң көрсетпесине тийкарланып өзин-өзи баҳалайды.

Ҳәзирги ўақытта билим бериў тараўында илимий-техникалық ҳәм социаллық прогресс жас әўладты оқытыўға ҳәм тәрбиялаўға жаңа талаплар қойылып атыр.

Мектепке барыў ўақтында жети жастағы бала мектепте турақлы оқыўға, мектеп өзине қоятуғын ҳәр қыйлы талапларды орынлаўға әдетте, физикалық жақтан да таяр.

Психологиялық жақтан таярлық объектив тәрептен де, субъектив тәрептен де қаралады. Мектепте оқыўға баланың психикалық жақтан объектив таярлығына тоқтаймыз. Ол қызығыўшылығы ҳәм ой-пикир жүритиўдиң айқынлығы менен характерли болады. Оның дыққаты белгили, салыстырмалы дәрежеде узақ ҳәм турақлы, бала өз дыққатын басқарыў, оны өзинше шөлкемлестириў бойынша белгили тәжирийбеге ийе болады.

Жети жастағы балада көргизбели-образлы есте сақлаўшылық салыстырмалы дәрежеде раўажланған болады, ал гәп-логикалық ядты да раўажландырыў ушын да барлық тийкарлар бар.

Бул жастағы бала әпиўайы ақыл операцияларына салыстырыўға, улыўмаластырыўға, ақыл тәрезисине салыўға уқыплы келеди. Әпиўайы жеке көринислер де қәлиплескен болады. Жети жастағы балалар жигерлилик көрсете алады. Өз алдына әдеўир перспективалы мақсетлерди қоя алады ҳәм оларға ерисе алады. Миннетти ҳәм жуўапкершиликти сезиўдиң дәслеп көриниси балаларға тән болады. Жети жастағы бала өз сезимлерин басқарыў бойынша тәжирийбеге, өз ҳәрекетлерин ҳәм қылықларын өзи баҳалаў тәжирийбесине ийе болады. Бул өзин қадағалаўды қәлиплестириўдиң тийкары болып табылады.

Солай етип, жети жастағы баланың психикалық раўажланыў дәрежеси системалы, жобалы ҳәм мақсетке муўапық оқыта баслаў ушын зәрүрли болып табылған психикалық раўажланыў талабына жуўап береди.

Енди субъектив психикалық таярлығын атап өтемиз. Мектепте оқыўға талпыныў, оқығысы келиў, ересек адамлар менен өз-ара қатнастың жаңа формаларына өтиўге таяр болады. Әлбетте, жеке индивидуаллық айырмашылықларды есапқа алыў керек.

Гейбир балалар мектепке сондай талпынады, оқыўдың басланыўына шекемги қалған күнлерди есаплап жүреди. Екинши биреўлери жүдә талпынбайды, тартыныңқырап барады, мектепке барғысы келмеў жағдайлары да болады. Бунда үлкенлердиң ойланбай қорқытыўы ҳәм ескертиўлери өз тәсирин жасайды.

Мектепке шекем қәлиплескен оқыўға болған кери мүнәсебет жети жастағы баланы оқыў тәрбия процессине ендирип жибериўди қыйынластырады, онда оқыўға унамлы себеплерди қәлиплестириўге тосқынлық жасайды. Усындай балаларға муғаллим айрықша итибар бериўи керек.

Алты жастағы балалар жети жастағы балалардың дәрежесине, солардың бағдарламалары бойынша ҳәм солардың жағдайларында, күн тәртибинде оқыўға таяр емес. Олар әдеўир тез шаршайды, оларда нерв-психикалық жүк тез-тез пайда болыўы мүмкин. Өз минез-қулқын, өзиниң

психикалық процесслерин басқарыў уқыбы алты жастағы балаларда жети жастағылардан әдеўир аз дәрежеде болады. Билиўге қызығыўшылығы да айқын көринбейди.

Мектепте оқыўға субъектив таярлыққа келсек, онда оқыўға, жаңа билимлер алыўға, уқыпларды ийелеўге талпынады. Бул әсиресе балалар бақшасында балалар сүўретлер, сораўлар, тәрбияшылар менен гүрриңлесиўлер тематикасында, сюжетли, рольли ойынларында көринеди. Балалар жақсы оқыў, муғаллимди тыңлаў кереклигин түсинеди, бирақ олар оқыўдың жәмийетлик әҳмийетин түсинбейди.

Алты жастағы балалардың арасында физикалық ҳәм психикалық жақтан раўажланыўында оғада әдеўир индивидуал айырмашылықлар байқалады. Олар балалардың ден-саўлығы, олардың жеке турмыс ҳәм жумыс жағдайлары, олар менен қаншелли көп ҳәм жийи шуғылланғанлығы мектепте оқыўға оларды арнаўлы таярлағанлығы ҳәм т.б. менен белгиленеди.

Мектепте оқыўға таяр емес, ден-саўлығы төмен алты жастағы балаларды күн бурыннан анықлаўды ҳәм ҳәр бир жағдайда усындай балаларды оқыта баслаўды бир жыл кейинге қалдырыў мүмкиншилиги ҳаққында мәселени шешиў керек.

**Бап бойынша жуўмақлар**.

Өзлестирмеўшилик машқаласы шет ел алымлары тәрепинен ҳәр тәреплеме терең үйренилген. Олардан, Германиялық алымлар Г.Леве, Г.Вицлак, В.Лост, Г.Штер ҳәм басқалардың айтыөзлестирмеўшиликтиң баслы себебин мектеплерде педагогикалық жумыслардың жолға қойылыўынан изле керек. Олардың пикиринше, тәлимниң тийкарғы кемшилиги тийкарғы тәреплер ажыратылмастан, бөлинбестен берилиўинде. Оқыўшылар тийкарғы ҳәм екинши дәрежели белгилерди ажыратыўға қыйналады. Германия педагоглары оқыўшылар өзлестирмеўшилиги себеплерин көрсетиў менен бирге, дәстүрге тийкарланған, стандартқа туўры келетуғын тәлимди әмелге асырыў арқалы, өзлестирмеўшиликтиң алдын алыў мүмкин деп есаплайды.

Польшалық педагоглар В.Оконь, Ч.Куписиевич, Я.Конопницкий ҳәм басқалар өзлестирмеўшиликтиң жүзеге келиўинде еки фактор билимдеги бослық ҳәм оқыўға мүнәсибеттиң өзгериўин бақлайды, интеллектуал ҳәм ерк процесслериндеги өзгериў итибарға алынбайды.

Машқаланың педагогикалық тәреплери жаратып берилген дидактикалық жумысларда оқыўшының қалай оўы, оқыў процессинде оның раўажланыў өзгешеликлери қандай, олар дус келетуғын қыйыншылықларды қалай жеңеди, педагогикалық тәсирлер нәтийжесинде оның психикасында қандай өзгерислер жүз береди сыяқлы сораўларға жуўап берилмейди.

Рус психологларынан Б . Г.Ананьев, В.С.Мерлин, Л.И.Божович, Н.А.Менчинская, Н.Г.Морозова, Л.С. Славина изертлеўлеринде педагогикалық процессте баҳаның роли ҳәр тәреплеме үйренилген. Автордың айтыўынша, оқыўшыларды оқыў хызметине ийтермелейтуғын мотивлер арасында олар тәрепинен өзлестирилген билимниң оқытыўшы тәрепинен баҳаланыўы зәрүр. Бундай баҳаның қойылмаўы өзлестириўге унамсыз тәсир көрсетеди. Баҳаның тәсир көрсетиўи нәтийжесинде

балаларда шахстың зәрүр сыпаты болған өз-өзин бахалаў ҳәм умтылыў дәрежеси қәлиплеседи.

Психологлар оқыў процессинде пайда болатуғын өзлестирмеўши оқыўшылардың шахс өзгешеликлерине, олар оқыў хызметиниң өзине тәнликлерин анықлаўға итибар қаратады.

Өзлестирмеўшилик машқаласы бойынша изертлеў жумысын алып барған алымлардың мийнетлеринде:

а) ғалаба мектеп оқыўшылары өзлестирмеўшилиги себеплерин диагностика қылатуғын усыллар ислеп шығылмаған;

б) оқыўшылар өзлестирмеўшилигине себеп болатуғын субьектив хәм обьектив факторлар жеткиликли дәрежеде ислеп шығылмаған;

в) өзлестирмеўшиликти жоқ етиў бойынша мектеп, шаңарақ хәм жәмәәтшилик бирге ислесиў бойынша жумыслар системасы жеткиликли дәрежеде ислеп шығылмаған;

г) өзлестирмеўшилик коррекциясы бойынша шынығыўлар комплекси жеткиликли дәрежеде ислеп шыгылмаған.

# II-БАП. ӨЗЛЕСТИРМЕЎШИЛИКТИ ЖУЗЕГЕ КЕЛТИРИЎШИ ФАКТОРЛАРДЫ ЭКСПЕРИМЕНТАЛ ҮЙРЕНИЎ.

## 2.1. Изертлеў методологиясы ҳәм өзлестирмеўшиликтиң социал-психологиялық факторлары.

Изертлеў гипотезасына қарағанда, баслаўыш класс оқыўшыларында өзлестирмеўшиликтиң жүзеге келиўи оларда билиў процесслериниң төмен раўажланғанлығы менен байланыслы, билиў процесслерин раўажландырыў арқалы өзлестирмеўшиликти кемейтиў мүмкин.

Изертлеўдиң методологиялық тийкарын психологияның тийкарғы принциплериниң бири болған сана ҳәм хызмет бирлиги принципи , Л.С.Виготскийдиң мәдений-тарийхый концепциясы, В.А.Петровскийдиң шахсқа бағдарланған дидактика принципи ҳәмде өзлестирмеўши оқыўшылар машқаласы бойынша изертлеўлер алып барған орыс психологлары (Н.А.Менчинская, Л.С.Славина, З.И.Калмыкова)лардың пикирлери қурайды.

Изертлеў жумысымыздың методологиялық тийкарын психологияның тийкарғы методларының бири болған сана ҳәм хызмет бирлиги принципи қурайды. Белгили, сана ҳәм хызмет бирлиги принципи ҳаққындағы теориялық жағдайдың тийкарғы унамлы мазмуны соннан ибарат, олар дәслеп өзара байланыслы болып, бир-бирин тастыйықлайды: Ғхызмет инсанның санасын, психологиялық байланысларын, процесс ҳәм өзгешеликлерин жүзеге келтиреди, булар болса өз нәўбетинде хызметти басқарыўды мақсетке муўапық ҳалда орынланыўының шәрти болып есапланады.”[3].

Оқыўшы теманы санасында өзлестирген болса, онджа бул оның оқыў хызметинде пайда болады. Сана ҳәм хызмет бирлиги принципи жәнe сол жағдай ды да нәзерде тутады, сана зызметтиң ишки режесин дүзип береди. Бул жағдай изертлеўдиң тек ғана хызмет нәтийжелерин есапқа

[3] Решетников В.И. Формирование приемов мышления школьников. Владимир. 1983. С. 251.

алыўды, ал ҳәрекетлердиң мақсетке ерисиў табысын тәмийинлейтуғын ишки психологиялық механизмлерин де үйрениўди талап етеди.

Изертлеўдиң методологиялық тийкарын Л.С.Выготскийдиң мәдений-тарийхый концепциясы қурайды. Мәдений-тарийхый концепция – Л.С.Выготский тәрепинен XX әсирдиң 20-30 жылларында ислеп шығылған инсан психикалық раўажланыўы ҳаққындағы теория болып, концепцияның тийкарғы мазмуны төмендегише: мийнет қуралларын ислеўи нәтийжесинде инсан тәбияттан ажыралып шыққан. Тәбиятқа ислеў бериў арқалы инсан усы қураллардан пайдаланса, өз психикасына тәсир тәсир көрстў ушын ол психологиялық қуралларды пайдаланады. Психологиялық қураллар белгилердн ибарат. Усы қураллар еркли психикалық функциялар – еркли ждыққат ҳәм есте сақлаў, логикалық пикирлеў, еркли ҳәрекетлер ҳәм басқалардың тийкарын қурайды. Еркин психикалық функцияларды Л.С.Выготский жасырын ямаса төмен функциялар деп атайды. Еркин психикалық функциялар социал келип шығыўға ийе, белгилер менен қуралланған, инсан тәрепинен Еркин рәўиште әмелге асырылатуғын функциялар болып табылады. Усы функциялар дәслеп басқа адамлар менен биргеликте ислеў формасы сыпатында пайда болады, соқ индивидуалласып барады.

Психологиялық қурал-белгилерди ийелеў интериоризация процессинде әмелге асады. Интериоризация себепли интерпсихологиялық түрдеги мүнәсибетлерге айланып барады. Баланың қулақсызлық қылыўы, ямаса оқыў хызметинде арқада қалыўы психологиялық қуралларды өзлестирмегенлигиниң нәтийжесинен болады.

Мәдений-тарийхый концепцияның тийкарғы идеяларынан бири раўажланыўдың ең жақын зонасы ҳаққындағы теориялық қараслардан ибарат. Раўажланыўдың ең жақын зонасы – бала раўажланыўының усы ўақыттағы дәрежеси менен келешекте ерисиў мүмкин болған раўажланыў дәрежесин көрсетеди. Раўажланыўдың ең жақын зонасы бала бала үлкен адамның жәрдеми менен орынлай алса, бул ўазыйпа бала

раўажланыўының ең жақын зонасында жайласқан болады. Бизде изертлеўде өзлестирмеўши оқыўшы үлкен адамлар жәрдеминде, оқытыўшылары, ата-аналары жәрдеминде теманы, материалды өзлестириўин бала раўажланыўының жақын зонасы сыпатында қарадық.

Дыққаты турақлы болмаған балалар гиперактивлик бар ямаса жоқ болғанда көп пәнлерден өзлестирмей қалады, себеби олар окыу уазыйпаларына коп уакыт ажыратпайды. Окыуга кабилетсиз балалар баскалар ансатлык пенен озлестиретугын нарселерди ийелей алмайды.

Дыккатын жетиспеушилигин Ф.Кендалл озлестирмеушиликти келтирип шығарыушы фактор сыпатында караган. «Дыккаттын жетиспеушилигин нейродинамикалык анализ кылыуынша, бас мийдеги хар бир болим гиперактивликке алып келеди. 1990 – жыллардын екинши ярымында Баркли тарепинен усыныс етилген теория улкен кызыгыушылык оятты. Онын пикиринше, гиперактив тип ушын тийкаргы тормозланыу ппроцесслеринин жетиспеушилигине тан»[4]. Дыккаттын жетиспеушилиги хам гиперактивлик коррекциясы бойынша автор дастур ислеп шыккан. Биз де изертлеу жумысымызда Еркин дыккаттын калиплеспегенлиги озлестирмеушиликти келтирип шыгарыушы фактор сыпатында изертлегенбиз.

Мектеп психологы ата-аналар ҳам класс басшылары менен биргеликте ислеп өзлестирмеўши оқыўшыларды азайтыў, олардың өзлестириўши оқыўшылар қатарынан орын алыўға ерисилди. Тәжирийбе топарларында анықлаўшы тәжирийбелерге қарағанда бақлаў тәжирийбелеринде унамлы өзгерислер жүз берди.

Демек, изертлеў басында қойылған гипотезамыз, яғный өзлестирмеўшиликтиң жүзеге келиўине тийкарғы себеплерден бири бул оларда билиў процесслериниң бир қанша төмен раўажланғанлығын тастыйықлайды. Бундай оўшылардың билиў процесслерин

[4] Психотерапия детей и подростков. Под. Ред. Ф.Кендалла. СПб.: Питер. 2002.-С-.106.

раўажландырыу арқалы өзлестирмеўши оқыўшылар санын азайтыў мүмкин.

Соның менен бирге изертлеўдиң методологиялық тийкарын В.А.Петровскийдиң шахсқа бағдарланған дидактика принципи қурайды. Шахсқа бағдарланған дидактика принципиниң тийкарғы мазмуны сонда, оқыўшы тәлимниң шахсый моделин, яғный барлықты үйрениўдиң тек өзи ушынғана өнимдар уылларын пайда ете алатуғын шәраятлардағана жоқары нәтийжелерге ерисиўи мүмкин. Солай етип, дәстүрий оқыў интизамый моделинен парқлы рәўиште шахсқа бағдарланған дидактикаға байланыслы оқытыўшылар ҳәр қыйлы оқыўшылар менен ислесиўде тәлимниң түрлише моделинен пайдаланыўға ериседи. В.А.Петровский буны тәлим моделлериниң вариативлиги принципи деп атайды. Изертлеўде усы принциптен өзлестирмеўши оқыўшылардың индивидуал психологиялық өзгешеликлерге тән рәўиште жантасыўда тийкарландық.

Изертлеўде өзлестирмеўшилик машқаласы менен шуғылланған алымлардан Н.А.Менчинская, Л.С.Славина, З.И.Калмиковалар идеяларына да тийкарландық. Олардың пикирлери биринши бапта толық келтирилди.

Нәўбеттеги бөлимде өзлестирмеўши оқыўшылардың билиў процесслериниң диагностикасы бойынша анықлаўшы тәжирийбелерде алынған нәтийжелерге итибарыңызды қаратамыз.

## 2.2. Өзлестирмеўши оқыўшылардың дыққаты ҳәм есте сақлаўының өзгешеликлери.

Өзлестирмеўши оқыўшылардың билиў процесслеринен дыққат, есте сақлаў, ойлаў процесслерин үйрениў ушын Хожели районындағы 70-санлы мектептиң баслаўыш класс оқыўшыларында изертлеўлер алып барылды. Изертлеўде 30 өзлестирмеўши оқыўшы ҳәм 30 өзлестириўши оқыўшы қатнасты. Изертлеў 2007-2008 жылларда өткерилди. Өзлестирмеўши дыққатын үйрениў ушын Бурдон корректур сынаўы методикасынан пайдаландық ҳәм олардан алынған нәтийжелерди өзлестириўши оқыўшылардың алған нәтийжелери менен салыстырдық.

Методика ҳаққында анығырақ айтып өтетуғын болсақ, Б.Бурдон корректур сынаўы методикасы дыққаттың тербелиси, көриў анализаторы узақ ўақыт ислегенде бир қыйлы көриў қозғатыўшыларына салыстырғанда сыналыўшының шаршаўын анықлаўға имканият береди. Қағазда ҳәриплер тәртипсиз жазылған болып, сыналыўшы олардың төртеўин өширип шығыўы керек.

Тәжирийбени баслаўдан алдын, сыналыўшыға көрсетпе түсиндириледи ҳәм бир минут даўамында үйретиледи, шынығыўлардан соң сыналыўшы тийкарғы ўазыйпаны орынлаўға кириседи. Тәжирийбе бес минут даўам етеди.(қосымшаға қараң)

Дыққаттың топланғанлық дәрежеси (К)ны төмндеги формула жәрдеминде есаплаў мүмкин.

$$K = \frac{n_1 + n_2 + n_3}{n} \cdot 100\%$$

Бул жерде: $n_1$- дурыс өширилген ҳәриплер жыйындысы;

$n_2$ -өширилмей қалған ҳәриплер жыйындысы;

$n_3$ – надурыс өширилген ҳәриплер жыйындысы;

n – өширилетуғын ҳәриплер санының улыўма жыйындысы.

Психотехникада дыққаттың топланыўы (К)ны сыпатлық жақтан баҳалаўда төмендеги система қабыл етиледи. Жүдә жақсы - 81-100%; жақсы 61-80 %; орташа 41-60 %; төмен 21-40 %; жүдә төмен 0-20 %;

Изертлеўде алынған нәтийжелерди төмендеги таблицада сәўлелендирдик.

2.2.1-таблица . Сыналыўшылардың «Бурдон» корректур сынаўы методикасы бойынша алған нәтийжелери (n =30)

| Көрсеткишлер | Өзлестириўши оқыўшылар | Өзлестирмеўши оқыўшылар |
|---|---|---|
| x | 55,3 | 22,1 |
| $\sigma_{\sigma}$ | 16,8 | 15,9 |
| m | 3,05 | 2,9 |

Жоқарыдағы таблицадан дыққаттың топланыў дәрежеси өзлестириўши оқыўшыларда өзлестирмеўши оқыўшыларға салыстырғанда жоқары екенлиги көринип тур.

Дыққаттың топланыў топланыў дәрежеси өзлестириўши оқыўшыларда орташа 22,1 ге тең. Орташа квадрат аўысыўөзлестириўши оқыўшыларда 16,8 ге тең, өзлестирмеўши оқыўшыларда 15,9 ға тең. Орташа квадрат қәте өзлестириўши оқыўшыларда 3,05 ке тең, өзлестирмеўши оқыўшыларда 2,9 ға тең. (Математикалық қайта ислеў нәтийжелериниң дурыслығына исним пайда етиў ушын қосымшаға қараң). Солай етип, өзлестирмеўши оқыўшыларда дыққаттың топланыў дәрежеси жүдә төмен екенлиги көринип тур.

Солай етип, өзлестирмеўши оқыўшылар дыққатының топланыў дәрежеси төмен, дыққаттың көшиўи, бөлиниўи, көлеми де жүдә төмен екенлиги анықланды.

Изертлеўде оқыўшылардың есте сақлаўын үйрениў мақсетинде «Мейли» тестинен пайдаландық.

Р.Мейли тести 1961- жылда ислеп шығылған болып, көриў ҳәм еситиў процессин үйрениўде пайдаланылады. Биз изертлеўде тек естип есте

сақлаўын үйрендик. Сыналыўшыға төмендегише қолланба бериледи: “Мен ҳәзир сөзлр қатарын оқып беремен, сиз болса еситип болғаныңыздан кейин, оларды қәлеген тәртипте маған айтып бересиз». Сөзлердиң биринши қатары: “Картон, вагон, дийхан, пианино, туфли, карта, төбелик, ошақ, перо, көмир, алмахан, қурал, жигит, алмурт, дәстурхан, сорпа, плащь, пышық, пышақ, баспа қағаз, уксус, гүл, мийнет, аспан, шырпы, шақа, ғулып, қул, ағаш, жалын».

Сөзлердиң екинши қатары : “таблица, ҳәпте, сом, ғарға, печь, ҳәрре, көзәйнек, суў, аңшы, қой, булт, Терек, қәлем, велосипед, туфли, ешки, салон, жаға, мурын, көбик, мийманхана, сабын, жылан, мийўе, қус, салат, ракета, азанғы аўқатланыў, қар, трубка».

2.2.2-таблица. Сыналыўшылардың Мейли тести бойынша алған нәтийжелери

| Көрсеткишлер | Өзлестириўши оқыўшылар | Өзлестирмеўши оқыўшылар |
|---|---|---|
| x | 29,3 | 18,1 |
| $\sigma$ | 9,7 | 4,08 |
| m | 1,8 | 0,7 |

Жоқарыдағы таблицада өзлестирмеўши оқыўшылардың еситип есте сақлаўы өзлестириўши оқыўшыларға салыстырғанда бир қанша төмен екенлиги анық көринип тур. Өзлестирмеўши оқыўшыларда есте сақлаўы орташа 18,1 ге тең, өзлестириўши оқыўшылардыки 29,3 ке тең.Орташа квадрат аўысыў өзлестирмеўши оқыўшыларда 9,7 ге тең. Орташа квадрат қәте өзлестирмеўши оқыўшыларда 0,7 ге тең, өзлестириўши оқыўшыларда 1,8 ге тең.

(Математикалық қайта ислеў ҳаққында анық көз-қарасқа ийе болыў ушын қосымшаға қараң). Демек өзлестирмеўши оқыўшылардың еситип есте сақлаўы да төмен раўажланған екен. Солай етип, өткерилген изертлеўлеримизден көринип турғанындай, өзлестирмеўши оқыўшылардың дыққатының топланыў дәрежеси ҳәм еситьип есте сақлаў

процесси өзлестириўши оқыўшыларға салыстырғанда бир қанша төмен екенлиги анықланды. Бул изертлеўде қойылған гипотезаның дурыс екенлигин тастыйықлап тур.

Изертлеўде оқыўшылар ойлаў процессин диагностика қылыў ушын «артықшасын өшириў» методикасының аўызша вариантынан пайдаландық. Артықшасын өшириў методикасы улыўмаластырыў, алағада болыў, тийкарғы белгилерди ажыратыў сыяқлы ойлаў процесслери дәрежесин үйрениў ушын қолланылды. Қолланба: "Ҳәр бир қатарда 5 сөз бар, 4сөзди бир топарға киритип, оларға атама бериң, бир сөз артықша болып, оны өшириў керек".

1. Стол, стул, кровать, пол, шкаф.
2. Сүт, қаймақ, қатық, сүзбе, гөш.
3. Ботинка, есик, баў, туфли, тапочка.
4. Шөккиш, жарғы, шеге, балта, атаўыз.
5. Мазалы, ыссы, ашшы, ашқылтым, шор.
6. Терек, тал, ағаш, арша, шабдал.
7. Самолет, арба, Адам, кеме, велосипед.
8. Алишер, Мурат, Дарибаев, Сәбит, Мақсет.
9. Сантиметр, метр, километр, килограмм,миллиметр.
10. Пальто, плащ, көйлек, сәдеп, шалбар.
11. Үй, арзыў, машина, сыйыр, ағаш.

2.2.3-таблица. Сыналыўшылардың «Артықшасын өшириў» методикасы бойынша алған нәтийжелри (n=30)

| Көрсеткишлер | Өзлестириўши оқыўшылар | Өзлестирмеўши оқыўшылар |
|---|---|---|
| x | 9,6 | 3,8 |
| $\sigma$ | 0,9 | 1,3 |
| m | 0,2 | 0,2 |

Жоқарыдағы таблицадан өзлестирмеўши оқыўшылардың улыўмаластырыў процесси орташа 3,8 ге тең. өзлестириўши оқыўшыларда

2 есе артық 9,6 ға тең. Орташа квадрат аўысыў, өзлестириўши оқыўшыларда 1,3 ке тең. Орташа квадрат қәте өзлестириўши ҳәм өзлестирмеўши оқыўшыларда бир қыйлы 0,2 ге тең.(математикалық қайта ислеўдиң дурыслығын тексериў ушын қосымшаға қараң ).

Изертлеў даўамында оқыўшылар предметлер арасындағы тийкарғы белгилерди ажыратыўға, оларды бир улыўма топарға улыўмаластырыўға қыйналды.

## 2.3. Өзлестирмеўшиликтиң коррекциясы бойынша шынығыўлар комплекси.

Өзлестирмеўши оқыўшылардың билиў процесслерин раўажландырыў ушын арнаўлы шынығыўлар комплексин берип өтиўди лазым таптым. Бул шынығыўлар комплекси психолог З.Шеримбетованың илимий изертлеў жумысынан алынды. (2007). Бул психокоррекциялық дәстүр мектеп психологлары ушын ислеп шығылған. Бирақ бул дәстүрден оқытыўшылар, класс басшылары, ата-аналар да пайдаланыўлары мүмкин. Бул шынығыўлар ҳәптесине бир мәрте 35-45 минут даўамында сабақтан соң өткериледи.

*Ким тезирек ?*

1) Шынығыўдың мақсети: Еркин дыққаттың топланғанлық дәрежесин анықлаў.

Шынығыўдың барысы. Оқыўшыларға қәлеген бир тесттеги көбирек ушырасатуғын ҳәриплерди өшириў тапсырылады. Мысалы «А» ямаса «Е». Тести орынлаў табысы өшириў ўақты ҳәм жол қойылған қәтелер өширилмей қалған ҳәриплерге байланыслы болады. Бунда табыслар қоллап-қуўатланып барылады.

*Корректура*

Шынығыўдың мақсети: Еркин дыққатты қәлиплестириў.

Шынығыўдың барысы: Оқытыўшы қағазға бир неше ҳәриплери түсирип қалдырылған ҳәм орынлары алмастырылған гәплер жазады. Оқыўшыға бул тапсырманы тек ғана бир мәрте оқып шығыў рухсат етиледи. Бунда ол реңли қәлем менен қәтелерди дурыслап барыўы керек. Кейин ол қағазды достысына береди, ол басқа реңли қәлем менен қалып қойған ҳәриплерди дурыслап қояды.

*«Селектор»*

Мақсети: Оқыўшыларда еркин дыққатты раўажландырыў.

Ойын ушын қатнасыўшылардан бири «приёмник» сыпатында таңлап алынады. Топардың басқа ағзалары жеткерип бериўшилер сыпатында ҳәр

қыйлы санлардан баслап, ҳәр қыйлы бағдарда санаў менен бәнт болады. Приёмник қолында қандай да бир нәрсени услаған ҳалда тыныш отырып тыңлайды. Ол нәўбет пенен ҳәр бир узатыўшыға ийкемлесиўи лазым. Приёмник бираз ислегеннен соң қолындағы нәрсесин қасындағы достысына береди. Ол да сол тақылетте ойынды даўам етеди.

*“Домино”*

Шынығыўдың мақсети: Сөз ҳәм еркин есте сақлаўды раўажландырыў.

Шынығыўдың барысы: Бул ойынды өткериў ушын окрыткалар топламы керек болады. Қатнасыўшылар стол әтирапына айлана болып отырып алады. Ҳәр бир қатнасыўшыға ҳәр қыйлы сюжет сүўретленген карточкалар тарқатылады. Биринши қатнасыўшы карточкалардан бирин басқаларға көрсетип, карточкада сүўретленген нәрсени өз ишине алған (ертек, фантазия, жаман түс) сыяқлыларды айтып баслайды. Ойынды баслаған қатнасыўшы өз ертегин тамамлап болғаннан соң достысына береди.

Ол өз карточкасын қойып, ертегин сондай даўам еттиреди, өз карточкасындағы сүўретленген нәрселердиде қосып айтып кетеди. Барлық карточкалар шыққанға шекем ойын даўам етеди.

*Өзара байланыслы болмаған санларды еслеп қалыў*

Шынығыўдың мақсети: Ассоциатив есте сақлаўды раўажландырыў

Шынығыўдың барысы: Оқыўшыға избе-изликте 10-12 санларынан ибарат санларды ядлап қалыў усыныс етиледи. Бунда тийкарғы итибар санларды механикалық рәўиште тәкирарлаўға емес, бәлки олар арасындағы логикалық байланысты излеўге қаратылады. Мысалы, 6513024860, 65:13=5, 0,2,4,8,6- өсип барыўшы жуп санлар, тек ғана ақырғы еки санның орны алмасқан .

65-үйиңиздиң номери , 86 атаңыздың тойы болған жыл. Әне сондай анализден соң оқыўшылар қағазға натурал санларды жазыўлары керек. Есте қалдырыў ушын тосаттан санлар қатары бериледи. 6442180814, 9876123450, 2456680973, 01982376445, бул шынығыў оқыўшыларды ҳәр

қыйлы санларды аңсатлық пенен есте сақлаў уқыплылығын раўажландырады.

*Уқсасы ҳәм айырмашылығы*

Шынығыўдың мақсети: Оқыўшыларда салыстырыў операциясын раўажландырыў.

Шынығыўдың барысы: Оқыўшыларға түрли предмет ҳәм түсиниклерди салыстырыў ўазыйпасы бериледи. Мәселен оқыўшыларға жақсы таныс предметлер :сүт ҳәм суў, сыйыр ҳәм ат, самолет ҳәм поезд. Бул предметлер сүўретленген сүўретлерден де пайдаланыўы мүмкин. Бу предметлар тасвирланган расмлардан ҳам фойдаланиш мумкин. Дурыс жуўаплардың улыўма саны белгиленеди. Қәтелер саны да есапланады.Салыстырыў ушын тийкарды көбирек тапқан яки ақырғы жуўапты айтқан оқыўшы жеңип шығады.

Гәп дүзиў

Шынығыўдың мақсети: улыўмаластырыўда жаңа образларды жаратыў. Шынығыўдың барысы. Қәлеген үш сөз алынады, олар өзара байланыслы болмаўы керек. Мысалы «Дәрья», «Қәлем», «Айыў».Мине усы үш сөз қурамына киритип илажы барынша көбирек гәп дүзиўи мүмкин. Бунда басқа сөзлерди де қосыўына болады. Бирақ басында берилген үш сөз қатнасыўы керек.

«Бул сүўретте не жетиспейди»?

Бул методика бойынша балаға сүўретлер бериледи. Ҳәр бир берилген сүўретлерде I деталь жетиспейди. Балаға бул детальды таўып тез анықлап айтып бериў тапсырылады.

Секундомер жәрдеминде тапсырманы орынланғанлығы анықлап барылады.

Нәтийже төмендегише баҳаланады:

10 балл бала тапсырманы 25 секунд ишинде 7-сүўреттеги жетиспей қалған предметлерди атап берсе.

8-9балл -26 дан 30 секунд кетсе,

6-7балл-тапсырманы орынлаў ушын 31ден 35 секунд қа шекем пайдаланылады.

4-5 балл-барлық жетиспеген предметлерде табыўға 36-40 секунд ўақыт кеткизсе.

2-3 балл 41-45 секунд ўақыт кеткизсе,

0-1 балл-45 секунд ўақыт кеткизсе қойылады.

10 балл алса-жүдә жоқары,

8-9 балл-жоқары,

4-7 балл-орташа,

2-3 балл-төмен,

0-1 балл-жүдә төмен болады.

Дыққатын анықлаў методы.

Бунда балалардың дыққатын үйрениў бойынша методлардан пайдаланылады, олардың дыққатынын турақлылығы, көлеми анықланады. Буларда коррекция қылыў ушын бир қанша методлардан пайдаланыўға болады.

Мысалы: «Изле ҳәм сыз».

Методика жәрдеминде дыққаттын турақлылығын ҳәм продуктивлигин анықлаў мумкин. Балаға сүўрет көрсетиледи. Сүўретте әпиўайы фигуралар бериледи. (Замаррық, уй, топ, гул, шелек, байрақ). Балаларда изертлеўди басламастан алдын төмендеги мазмунында инструкция бериледи.

«Бизлер ҳәзир сизлер менен сондай ойын ойнаймыз, мен сизлерге ҳәр қыйлы формада сүўретлер менен берилген картина көрсетемен, бул сүўреттеги предметлер сизлерге жақсы таныс. Мен баслан деп айтқан ўақытта бул предметлерди излейсиз ҳәм сызып шызып шығамыз. Мен тоқтаң деп айтпағанша даўам етесиз. Педагогикалық ҳәм психологиялық практикада ең әҳмийетли методлардын бири-бақлаў методы болып есапланады. Бақлаў-объекти анық мақсетке бағдарланған жағдайда алып барылады. Бақлаў методы өзинин арнаўлы катергорияларына ийе. Бақлаў нәтийжелери төмендегилерден ибарат.

-Психологиялық қубылыслар ҳаққында жанадан мағлыўматлар алыў.

-Изертлеўши объектлерде I-информациялар топлаў.

-Басқа методлар жәрдеминде (анкета) фактлерди баҳалаў.

-Берилген унысыларды тексериў.

2. Және бир нәтийжели методлардың бири эксперимент методы болып есапланады. Эксперимент тәбиий, әмелий ҳәм дөретиўши болады.

Тәбиий эксперимент - оқыў тарбия шараятларында әҳмийетли өзгешелиги менен характерленди.

Әмелий эксперимент-қатаң стандартластырылған белгилери менен ажыралып турады.

Дүзиўши эксперимент-ендиги изертленип атырған жумыстың нәтийжелерин педагогикалық практикада көриўден ибарат.

3. Педагогикалық психология практикада сораў методыда кең таралған. Олардың бири-анкета, интервью ҳәм сәўбет турлери болып есапланады. Сол ўақытта сан тоқтап маған ең соңғы көрген предметинди көрсеткен. Сол және баслан десем сызып баслаймыз. Ҳәм солай ойын даўам етеди.

Бул методикада 2,5 минуттан ислейди. 5 мәрте (ҳәр 30секундтан) «Тоқта» ҳәм «Басла» деп айтылады.

Экспериментатор бул методикада балаға берилген предметлерди ҳәр қыйлы етип сызыў тапсырылады. Мәселен: жулдызшаны туўры сызық пенен, уйди кесе сызық пенен сызыў тапсырылады.

## 2.4. Бақлаў тәжирийбелери

Бақлаў тәжирийбелеринде диагностикалық методикалар болған Бурдон корректур сынаўы методикасы, Мейли тести, артықшасын өшириў методикасын өзлестирмеўши оқыўшылардың дыққаты, еситип есте сақлаўы, ойлаў процессинде қаншелли өзгерис болғанлығын билиў мақсетинде изертлеў базасы болған Хожели районындағы 70-санлы мектепте такрарый изертлеў өткердик.

3.2.1-таблица. Сыналыўшылардың Бурдон корректур сынаўы методикасы бойынша бақлаў тәжирийбелеринде алған нәтийжелери.

| Нәтийжелер | Өзлестирмеўши оқыўшылар | $\sigma$ | Өзлестириўши оқыўшылар | $\sigma$ |
|---|---|---|---|---|
| Анықлаўшы тәжирийбе | 22,1 | 15,9 | 61,9 | 13,5 |
| Бақлаў тәжирийбе | 39,9 | 17,4 | 62,2 | 15,2 |
| t | 4,1 | | 0,08 | |
| p | 0.001 | | - | |

3.2.1-таблицаны өзара салыстырып, өзлестирмеўши оқыўшыларда орташа арифметикалық дәреже , өзлестириўши оқыўшыларға салыстырғанда сезилерли дәрежеде артқанлығын көремиз. Ўзлестирмеўши оқыўшыларда орташа арифметикалық дәреже 22,1 ден 39,9 ға артқанлығы көринип тур. Муқаррарлик критериясыда оларда жоқары (t=4,1) $p<0,001$. Өзлестириўши оқыўшылар дыққатының топланыўы 61,1 ден 62,2 ге өзгерген.(Математикалық қайта ислеўдиң анықлығына исеним пайда болыў ушын қосымшаға қараң). Демек, биз өткерген шынығыўлар өзлестирмеўши оқыўшылардың дыққатының топланыўына, еркли дыққатына унамлы тәсир тийгизгенлиги анықланды.

Бул бойынша жәнеде анығырақ көз-қарасқа ийе болыў ушын төмендеги гистограмманы итибарыңызға усынамыз.

Төмендеги гистограммада биз өткизген шынығыўлар өзлестирмеўши оқыўшылардың еркли дыққаты, дыққатының топланғанлық дәрежесине бир қанша унамлы тәсир еткенлини анық көринип тур, өзлестириўши оқыўшыларда болса онша өзгерис сезилмеди.

Сыналыўшылардың Бурдон корректур сынаўы методикасы бойынша алған нәтийжелерининң салыстырмалы гистограммасы.




2.2.1- гистограмма

Анықлық 6:

1, 2 – өзлестирмеўши оқыўшылардың нәтийжелери.

3,4 – өзлестириўши оқыўшылар нәтийжелери.

Қара рең – анықлаўшы тәжирийбе

Сары рең – бақлаў тәжирийбе

Раўажландырыўшы тәжирийбелерден соң өзлестирмеўши оқыўшылар есте сақлаўындағы өзгеристи анықлаў мақсетинде Мейли тестин өткердик.

2.2.2-таблица. Сыналыўшылардың Мейли тести бойынша бақлаў тәжирийбелеринде алған нәтийжелери.

| Нәтийжелер | Өзлестирмеўши оқыўшылар | $\sigma$ | Өзлестириўши оқыўшылар | $\sigma$ |
|---|---|---|---|---|
| Анықлаўшы тәжирийбе | 18,1 | 4,1 | 29,3 | 9,7 |
| Бақлаў тәжирийбе | 24,4 | 3,9 | 29,4 | 5,6 |
| t | 7 | | 0,05 | |
| p | 0,001 | | - | |

Таблицадан өзлестирмеўши оқыўшылар есте сақлаўында унамлы өзгерис болғанлығы көринип тур. Яғный, орташа арифметикалық дәреже әҳ,ә ден бақлаў тәжирийбелеринде ғң,ң ке артқан. Итималлық критериясы (t=7), p< 0,001 ге тең. Өзлестириўши оқыўшылардың нәтийжелеринде өзгерис сезилмеди, алынған нәтийжелер тасодифий еди.

Алынған нәтийжелер ҳаққында анығырақ көз-қарасқа ийе болыўыңыз ушын төмендеги гистограманы итибарыңызға усынамыз.

Сыналыўшылардың Мейли тести бойынша алған нәтийжелериниң салыстырмалы гистограммасы




2.2.2- гистограмма

Анықлық :

1, 2 – өзлестирмеўши оқыўшылардың нәтийжелери.

3,4 – өзлестириўши оқыўшылар нәтийжелери.

Қара рең – анықлаўшы тәжирийбе

Сары рең – бақлаў тәжирийбе

Демек биз өткизген өзлестирмеўши оқыўшылардың билиў процесслери коррекциясы бойынша дәстүр, бос өзлестириўши оқыўшылардың дыққатына ғана емес, ал есте сақлаўының өзгериўине де унамлы тәсир етип, есте сақлаў көлеминиң артыўына алып келди.Өзлестириўши оқыўшылар изертлеўде бақлаў топары сыпатында қатнасты. Оларда бақлаў тәжирийбелери ҳәм анықлаўшы тәжирийбелер арасында оншелли өзгерис сезилмеди. (Математикалық қайта ислеў ҳаққыянда анық көз-қарасқа ийе болыў ушын қосымшаларға қараң).

Изертлеўде бақлаў ҳәм тәжирийбе топары қатнасыўшыларының ойлаўындағы өзгерислердианықлаў мақсетинде диагностикалық методикамыз болған «Артықшасын өшириў» методикасын такрарый өткиздик.

2.2.3-таблица. Сыналыўшылардың «Артықшасын өшириў» методикасы бойынша алған нәтийжелери

| Нәтийжелер | Өзлестирмеўши оқыўшылар | $\sigma$ | Өзлестириўши оқыўшылар | $\sigma$ |
|---|---|---|---|---|
| Анықлаўшы тәжирийбе | 3,8 | 1,3 | 9,6 | 0,9 |
| Бақлаў тәжирийбе | 6,5 | 1,2 | 9,8 | 0,4 |
| t | 9 | | 1 | |
| p | 0,001 | | - | |

(Математикалық қайта ислеўдиң анықлығына исеним пайда етиў ушын қосымшаларға итибар қаратыўыңызды соранамыз).

Жоқарыдағы таблицадан тәжирийбе топары болған, өзлестириўши оқыўшылар топарында орташа арифметикалық дәреже қ,х ден ү,ө ке артқанлығы көринип тур. Итималлық критериясы (t=9), p <0.001ге тең. Бақлаў топары болған өзлестириўши оқыўшыларда орташа арифметикалық дәреже 9,6 дан 9,8 ге өзгерген. Итималлық критериясы (t=1), алынған нәтийжелер салыстырмалы турде екенлиги коринип тур.

Бул өзгерислер ҳаққында анық көз-қарасқа ийе болыў ушын төмендеги гистограмманы итибарыңызға усынамыз.

Сыналыўшылардың «Артықшасын өшириў» методикасы бойынша алған нәтийжелериниң салыстырмалы гистограммасы




2.2.3- гистограмма

Анықлық :

1, 2 – өзлестирмеўши оқыўшылардың нәтийжелери.

3,4 – өзлестириўши оқыўшылар нәтийжелери.

Қара рең – анықлаўшы тәжирийбе

Қара рең – бақлаў тәжирийбе

Жоқарыдағы гистограммадан биз өткизген шынығыўлар өзлестирмеўши оқыўшылардың билиў процесслериниң жоқары формасы болған ойлаў процессине де унамлы тәсир еткенлиги анық көринип тур.

Нәўбеттеги бөлимде өзлестирмеўшиликти кемейтиў, жоқ етиў, дүзетиў мәселелерине итибарыңызды қаратамыз

## 2.5. Оқыўшылар өзлестирмеўшилигиниң профилактикасы.

Оқыўшылар өзлестирмеўшилигиниң алдын алыў бойынша илажлар системасы ҳәр бир оқыўшы реал оқыў имканиятларының барлық тийкарғы қурам бөлеклерин комплекс раўажландырыўға, яғный шахстың интеллектуал, еркли, тараўларын бир ўақытта раўажландырыўға, оның тәлим ҳәм тәрбиясы бирлигин тәмийинлеў, оқыўға ҳәм жәмәәтке унамлы мүнәсибетин раўажландырыў, оның жумысқа уқыплылығын қәлиплестириўге бағдарланған болыўы лазым. Оқыўшы реал оқыў имканиятларынан бириниң қәлиплесиўи зәрүрлигин жеткиликли дәрежеде баҳаламаў, бул системаның толықлығына, пүтинлигине унамсыз тәсир көрсетеди ҳәм нәтийжеде өзлестирмеўшиликти табыслы алдын алыўға алып келмейди.

Бундай комплекс жантасыўда төмендегилерди итибарыңызға усынылып атырған өзлестирмеўшиликтиң алдын алыў бойынша мектепте, класста, топарлық ҳәм индивидуал дидактикалық ҳәм тәрбиялық илажлар биргеликте алып барылғанда ғана әмелге асырылыўы мүмкин.

Оқыўшылар өзлестирмеўшилигиниң алдын алыўға бағдарланған мектепте өткерилетуғын илажлар.

Мектеп жәмәәтиниң оқыўшылар өзлестирмеўшилигиниң алдын алыў бойынша алып барылатуғын жумысларының нәтийжелилиги администрация, кәсиплик шөлкем ҳәм «камалат» оқыўшылар шөлкеминиң шөлкемлестириўшилик уқыплылықларына байланыслы болады.

Өзлестирмеўшиликтиң алдын алыў бойынша мектепте өткерилетуғын илажларға төмендегилер киреди.

1. Өзлестирмеўшиликтиң алдын алыў бойынша педагогика ҳәм психология пәниниң алдыңғы тәжирийбелерин , усынысларын мектеп жәмәәтинде үзликсиз үйрениўди шөлкемлестириў. Бул мәселелерди педагогикалық кеңеслерде, оқытыўшылардың конференцияларында ортаға қойыў,талықлаў үлкен әҳмийетке ийе. Методикалық бирлеспелердиң жыйналысларында ашық талықланыўы мүмкин. Бундай илажларда

оқыўшылар өзлестирмеўшилигиниң алдын алыў бойынша мектеп оқытыўшылары ҳәм оқыўшылардың ерискен жетискенликлери ҳаққында газета ҳәм журналларда мақалалар шығарыў дийўалый газеталар, көргизбелер, ата-аналар ушын семинарлар шөлкемлестириў үлкен әҳмийетке ийе.

2.Оқыўшылардың оқыўда артта қалыўы, оны жоқ етиў усыллары ҳаққында  усы класста сабақ беретуғын барлық оқытыўшылаар ҳәм психологлардың өз-ара пикир алмасыўы, яғный психологиялық-педагогикалық консилиум шөлкемлестириў.

3.Барлық мектеплер арасында класслар аралық өзлестирмеўшиликтиң себеплерин талықлаў арқалы улыўмаластырыў,  олар арасынан өз мектеби ушын қолайлы тәреплерин таңлап алыў, оқыўшылар өзлестирмеўшилигиниң алдын алыў мақсетинде оқыў-тәрбия процессин шөлкемлестириў бойынша мектептеги исленетуғын жумыслардың тийкарғыларын ҳәм тийкарғы басқышларын ажыратыў.

4.Өзлестирмеўшиликтиң алдын алыўға қаратылған илажларды нәтийжели әмелге асырыў ушын санитариялық-гигиеналық шәраятларын ҳәм оқыў материалларының базасын жақсылаў бойынша режелерди анықлаў, төмен өзлестириўши оқыўшылардың теманы қабыл етиўине жәрдем беретуғын дидактикалық материалларды таярлаў.

5.Оқыўшылардың оқыўға болған мүнәсибетине унамсыз тәсир етиўши факторлар ҳәм жағдайларды анықлаў мақсетинде мектеп орналасқан территорияны үйрениў. Бундай ҳәдийселерди жоқ етиў ушын ҳәкимият ҳәм жәмәәт шөлкемлери менен байланыс орнатыў.

6.Биринши классқа қабыл етилетуғын оқыўшыларды психологтың «ҳақыйқый» көригинен өткериў, оқыўға таяр емес балалар менен түрли шынығыўлар өткериў.

7. Оқыўшылардың ис қәбилетлерин беккемлеў ҳәм олардың реал оқыў имканиятларын раўажландырыў ушын мектеплерде қысқы ҳәм жазғы саўалландырыў лагерлери ҳәм спорт дөгереклерин шөлкемлестириў.

8. Оқыўшылар өзлестирмеўшилигиниң алдын алыў бойынша илажлар системасын әмелге асырыў ушын мектепте үзликсиз бақлаў жумысларын алып барыў тийис. Буның ушын төмендегилерди әмелге асырыў керек;

а)Психологиялық-педагогикалық консилиум нәтийжелерин, оқыўшылардың қайсы пәннен өзлестирмей атырғанлықларын анықлаўшы жазба жумысларының нәтийжелерин тексериў;.

б)Сабақларға киргенде оқытыўшылар тәрепинен өзлестирмеўшиликтиң алдын алыўшы усыллардан пайдаланып атырғанлықларына итибар бериў, (қурамалы темаларға итибар бериў,тийкарғыларын ажыратыў,оқыўшылардың жаңа материалларды қалай өзлестиргенликлерин тексериў, үзликсиз беккемлеў ҳәм тәкирарлаў, қәтелер үстинде ислеў, оқыўда артта қалып атырған оқыўшыларға индивидуал жантасыў ҳәм т,б;

в)Класслардың жыллық, шереклик ҳәм ҳәр күнги өзлестириўи, жазба жумыслары ҳәм диагностикалық жумысларын үзликсиз анализ қылыў, кемшиликлер, оларды жоқ етиў бойынша илажлар системасын анықлаў;

с)Оқыўшылардың оқыўға болған қызығыўшылықларын арттырыў, оқыў көнликпелерин қәлиплестириў ушын класс басшыларының «камалат» шөлкеми менен алып барған биргеликтеги жумысларының жағдайын үйрениў;

д) Оқыўшылар өзлестирмеўшилигиниң алдын алыў бойынша мектеп ҳәм шаңарақ бирге ислесиўин әмелге асырыў класс басшыларының ата-ана менен алып барып атырған жумысларын анализ қылыў;

е) Өзлестириўге қыйналатуғын оқыўшыларды арнаўлы есапта бақлап барыў;

ж) Оқыўшылар хызметиндеги қыйыншылықларды үйрениў, өзлестирмеўшилик методларын ийелеў мақсетинде оқыўшылардың хызметин өзлери анализ қылыўларын жақсылаў.

Алдыңғы оқытыўшылардың қатар тәжирийбелерин улыўмаластырыў ҳәм экспериментал изертлеўлерге қарағанда , өзлестирмеўшиликтиң алдын алыў ушын мектептеги улыўма илажлардан тысқары, алдыңғы жәмәәтлерде класслар арасында, топарлық ҳәм индивидуал профилактикалық илажлар да зәрүр.

Бос өзлестириўши оқыўшы оқыўда арқада қалыўын жоқ етиўге бағдарланған илажлар системасы бәрқулла унамлы нәтийже Бере бермейди. Оқыўшыларды терең ҳәм толық үйрениўдиң жетиспеўшилиги, өз ўақтында профилактикалық илажларды қолланбаў, кеселлик, жасаў орталығының өзгериўи ҳәм басқа бир қатар себеплерге байланыслы айырым оқыўшыларда дәслеп ўақтыншалық, соң турақлы өзлестирмеўшилик пайда болады. Бундай жағдайларда оқыўшылар өзлестирмеўшилигиниң алдын алыў бойынша илажлар менен бир қатарда оны жоқ етиўге қаратылған илажларда зәрүр болады.

Психологиялық-педагогикалық консилиумда өзлестирмеўшилик себебин талықлап болғаннан соң ҳәзирги ўақыттағы тийкарғы себеплер анықланады.Оқыўшы өзлестирмеўшилигиниң тийкарғы себебин билиў ушын көбинесе педагогикалық тәсир қураллары арасынан қолайлысын таңлаў, қысқа ўақыт ишинде унамлы нәтийже беретуғын, оқыўда арқада қалыўдың тийкарғы себебин жоқ етиўге қаратылған усылларын таңлаў имканиятын береди.

Өзлестирмеўшилик жағдайлары билимлер ҳәм арнаўлы көнликпелер, жетискенликлербарлығында үзилис пенен характерленер екен, таңланатуғын илажлар системасы дәстүрдеги темаларды өзлестириўдеги үзилистиң жоқ етилиўине қаратылыўы мақсетке муўапық.

Билимлердеги бослықты толтырыў егер оқыўшы хызметин шеберлик пенен режелестириў теманы үзликсиз тәкирарлаў менен бирге қолайлы климат жаратыў, оқыўшыға жақсы сөйлеў, оның бослықты толтырыўдағы биринши табысларын марапатлаў, дурыс берген жуўаплары ушын мақтаў, оның барлық қыйыншылықлары, сораўлары тилеклери, дыққат пенен

қарап шығылса, табыслы болады. Бунда оқыўшы ислерн дурыс баҳалаў үлкен әҳмийетке ийе. «Еки» баҳа, «ноль» балларын ҳәдден тысқары көп қойыў оқыўға унамлы мотивлерин сөндирип, өзлестирмеўшиликтиң алдын алыўға тосқынлық етеди. Соның менен бирге оқытыўшы белгиленген мүддетте оқыўшылардың ўазыйпаларын орынлап барыўы қадағаланып барылыўы керек.

Жоқарыдағыларды улыўмаластырып өзлестирмеўши оқыўшы билим ҳәм көнликпелериндеги кемшиликлерди жоқ етиў ушын төмендеги жумысларды әмелге асырыў тийис.

1.Оқыў хызметин режелестириўде жәрдем бериў.

2. Оқыў хызмети процессинде қосымша жол-жоба бериў.

3. Оқыў хызметине ийтермелеў.

4. Оқыў хызметин бақлаў.

Егер мәсләҳәт ҳәм усыныслар жәрдем бермесе , өзлестирмеўши оқыўшының үй тапсырмаларын мектепте таярлаўына жәрдем бериў керек. Соның менен бирге шаңаракқа ата-аналар комитети , мәҳәлледеги жәмәәт шөлкемлери арқалы жәмәәт тәсири шөлкемлестириледи. Айырым оқыўшыға унамлы тәсирди тоқтатыў ушын айырым пуқаралардың ата-аналық ҳуқықынан айырыўға шекем тәсир қуралларынан да пайдаланылады. Жоқарыда келтирилген өзлестимеўшиликти коррекция етиўде қолланылатуғын илажлар системасы оқытыўшыларға класста оқыўшылар менен индивидуал ҳәм топарлық жумысларды шөлкемлестириўде пайдаланыўлары мүмкин.

Өзлестирмеўшиликтиң алдын алыў бойынша илажлар системасы ҳәр бир оқыўшы реал оқыў имканиятларының барлық тийкарғы қурам бөлеклерин комплекс раўажландырыўға, яғный шахстың индивидуал интеллектуал, еркли сезимлерин бир ўақытта раўажландырыўға, оның тәлим- тәрбиясы бирлигин тәмийинлеў, оқыўға ҳәм коллективке унамлы мүнәсибетти раўажландырыў, оның жумысқа уқыплылығын раўажландырыўға бағдарланған болыўы лазым. Оқыўшы реал оқыў

имканиятларынан бириниң раўажланыў кереклигин билмеўи бул системаның толықлығына , пүтинлигине унамсыз тәсир көрсетеди ҳәм нәтийжеде өзлестирмеўшиликти табыслы алдын алыўға алып келмейди.

Бундай комплекс жантасыў ўақтында төмендеги берилген өзлестирмеўшиликтиң алдын алыў бойынша мектепте, класста, топарлық ҳәм индивидуал дидактикалық , тәрбиялық илажлар биргеликте алып барылғанда әмелге асырылыўы мүмкин.

***Өзлестирмеўшиликтиң алдын алыў бойынша класта өткерилетуғын илажлар.***

Класста өткерилетуғын тәрбиялық тәсир оқытыўшылар, ата-аналар, жәмәәтшилик ҳәм оқыўшылар шөлкеминиң күшлерин оқыўшылардың оқыў жетискенлигине тәрбияның тәсирин асырыў мақсетинде бирлестириў менен байланыслы. Оқыўда қыйналып атырған балаларға қарағанда қолайлы ақылый климат жаратыўзәрүр. Бунда биринши нәўбетте баланың үстинен күлиў, кемситиўге жол қоймаў, тәсирдиң антипедагогик усылларына жол қоймаў керек. Жәмәәтте ҳәр бир баланың әсиресе өзлестирмеўши оқыўшының тәғдири ҳаққында қайғырыўды тәрбиялаў керек. Бундай климат жақсы шөлкемлестирилген жәмәәтте ғана жаратылыўы мүмкин. Соның ушын да өзлестирмеўшиликтиң алдын алыўдың зәрүр тәрбиялық тәсирлеринен бири оқыўшылар жәмәәтинде бирдемликти тәрбиялаў, оқыўға болған унамлы мүнәсибетти тәрбиялаўда жаслар шөлкеминиң ролин асырыў бойынша илажлар шөлкемлестириў зәрүр.

Жәмәәт барлық тәрбиялық күшлердиң мақсетке бағдарланған тәсири ҳәм бирлесиўи нәтийжесинде бос өзлестириўши оқыўшы өзин-өзи тәрбиялаўы ҳәм оқыўға қызығыўы артады.

Оқыўшыларды өзлестирмеўшилик себеплери ҳаққындағы психологиялық-педагогикалық консилиум жуўмағы менен таныстырып барыў мақсетке муўапық, үй тапсырмаларын орынлаўға кететуғын ўақытты үзликсиз анлиз қылыў зәрүр.

Класста оқыў ислерин шөлкемлестириў элементлерин ийелеў бойынша арнаўлы шынығыўлар шөлкемлестириў мақғсетке муўапық болады. Оқыўшыларды өз күн тәртибин дурыс шөлкемлестириўге үйретиў, үйде ҳәм мектепте өз бетинше  оқыў ислерин тийкарғы басқышларын ажыратыыў, китап пенен дурыс ислеў, оқыў ҳәм мийнет тапсырмаларын орынлаўда үзликсиз өз-өзин тексериўди әмелге асырыўға үйретиў зәрүр. Дыққат, есте сақлаў, ойлаў сыяқлы билиў процесслерин раўажландырыў жоллары менен оқыўшыларды таныстырыў зәрүр.

Тәрбиялық жумыслар тийкарында өзлестирмеўшиликтиң алдын алыў класс жәмәәти турмысын сондай шөлкемлестириў менен байланыслы, бунда ҳәр бир оқыўшы дослары менен үзликсиз байланысты сезеди. Олар менен қарым-қатнасқа зәрүрлик сезеди.Бул болса класстан тысқары жумыслардың ҳәр қыйлы формаларын шөлкемлестириў ҳәм ҳәр бир оқыўшының мектептеги өзин-өзи басқарыў органлары системасына тартыўды аңлатады.Бундай жумысларды шөлкемлестириўде ул ҳәм қыз балалардың қызығыўшылықларын есапқа алыў, оқыўшыларды еркинликти раўажландырыўға алып келеди.

Бул жумыста оқыўшыларға ата-аналары жәрдем берўлери керек. Оқыў жылы басында бос өзлестириўши оқыўшылар ата-аналары менен жақын байланыс орнатыў ушын барлық илажларды ислеп шығыў, олардың үйлерине барыў, перзентлери өзлестирмеўшилигиниң алдын алыў бойынша биргеликтеги жумысларын ислеп шығыў зәрүр. Шаңарақтың тәрбиялық тәсири өнимдарлығын асырыў мақсетинде ата-аналар жыйналысларында балалардың ҳәр тәреплеме раўажланыўы ҳәм тәрбиясындағы олардың ролин арттырыў ҳаққындағы мәселелерди талықлаў зәрүр. Оқыўда арқада қалыўдың алдын алыў бойынша класстағы илажлар индивидуал жумыслар менен бирге алып барылыўы зәрүр. Бос өзлестириўши оқыўшылардың оқыў жумысларын жақсы шөлкемлестириў ҳәм режелестириўде жетекши көникпе ҳәм уқыплылықларын раўажландырыўға, тийкарғысын ажыратыў көнликпесине, оқыўда өзин-өзи

бақлаў, үй тапсырмаларын орынлаўда активлик ҳәм еркинликти қәлиплестириўге итибар бериў зәрүр. Арнаўлы изертлеўлерден белгили үй тапсырмаларын қыйын өзлестириўши оқыўшыларға бәрқулла кем бериў жолы менен емес, ал сабақ ўақтында оларға басқа оқыўшыларға қарағанда көбирек жәрдем көрсетиў жолы менен шешиледи.Оқыўшылар қыйналатуғын сораўдың өзлестирилиўи әлбетте бақланыўы зәрүр.Сабақ қалдырған оқыўшының өтилген теманы өзлестиргенлиги бақлап барылыўы тийис.

***Бос өзлестириўши оқыўшылар менен өткерилетуғын топарлық ҳәм индивидуал илажлар.***

Оқыўшылар ҳәм класс басшысы тәрбиялық тәсирлерди таңлаўда бос өзлестириўши оқыўшылар менен жәмәәт тапсырмаларынан шетте қалмаўы бундай тапсырмаларға жедел қаратылыўы зәрүр. Оларда бул тапсырмаларды орынлаў процессинде саналы тәртип интизам ҳәм жуўапкершилик сезими жоқары болады.

Бос өзлестириўши оқыўшыларда оқыўға деген қызығыўшылығын арттырыў ушын ҳәр қыйлы пәнлер бойынша дөгереклерге, техникалық дөретиўшилик пенен байланыслы ҳәр қыйлы ғалабалық илажларға тартылыўы лазым, бул оларда ерклик сыпатларды да қәлиплестиреди.

Жәмәәт шөлкемлери менен биргеликте бос өзлестириўши оқыўшыларға оқыўда ҳәр қыйлы түрдеги жәрдем берилиўи зәрүр. Бунда жақсы оқыйтуғын оқыўшыларға оқыўда ҳәр қыйлы түрдеги жәрдем шөлкемлестирилиўи зәрүр. Оқыў ҳәм жәмәәт активлери арасында бос өзлестириўши оқыўшының кишигирим табысына да итибар берип, марапатлаў. мақтаў зәрүр.

Айырым жағдайларда тапсырмаларды алмастырып турыў зәрүр, алдыннан түрли жәрдем көрсетип, өзине исеним ҳәм шшын кеўилден активликке ийтермелеў, оқыўда ҳәм мийнетте табысқа ерисиў жушын шәраятлар жаратып бериў керек. Жуўапкершилик ҳәм тәртип-интизам орнына айырым оқыўшылардың өзлестириўи жақсыланып атырғанлығын

бәрқулла айтып барыў керек. Бос өзлестириўши оқыўшылар тәрбиясы қыйын оқыўшылар менен іслесиўде айырым жағдайларда мәжбүрлеў ҳәм сөзсиз бойсыныў илажларын қолланыўы да мүмкин, бирақ олардан пайдаланыў ўақты-ўақты менен болып, тәрбиялық тәсирдиң басқа усыллары менен биргеликте алып барылады. Талапшаңлық әдалатлы , дурыс ҳәм өлшемли болыўы тийис.

Бос өзлестириўши оқыўшы шахсының еркли, индивидуал интеллектуал ҳәм сезимлеринде өз ара муўапықлық жоқ екенлигин есапқа алып, тапсырмаларды ҳәм өз-өзин тәрбиялаў қуралларын таңлаўда ҳәр күни жәрдем көрсетиў тийис, бул жумысларды жуўмақлап айтқанда жәмәәт алдында қоллап- қуўатлаў арқалы оларды марапатлаў зәрүр.

Оқыўшыларда өзлестирмеўшиликти жоқ етиў бойынша илажлар системасы.

Бос өзлестириўшщи оқыўшы арқада қалыўын жоқ етиўге бағдарлангшған илажлар системасы бәрқулла табыслы бола бермейди. Оқыўшыларды терең ҳәм толық үйрениўдиң жетиспеўшилиги, өз ўақтында профилактикалық илажларды қолланбаў, кеселлик, жасаў орталығының өзгериўи ҳәм басқада бир қатар себеплерге қарай айырым оқыўшыларда дәслеп ўақтынша, соң турақлы өзлестирмеўшилик пайда болады.

Бундай жағдайларда оқыўшылар өзлестирмеўшилигиниң алдын алыў илажлары менен бир қатарда оны жоқ етиўге қаратылған илижларда зәрүр болады. Егер өзлестирмеўшиликтиң алдын алыў бойынша илажлар класста ҳәм топарда өткерилетуғын илажларға бөлинсе , ондай жағдайларда өзлестимеўшиликти жоқ етиўге қаратылған илажлар индивидуал характерге ийе болады.

Психологиялық ҳәм педагогикалық консилиумда өзлестимеўшилик себеплерин талықлағанда ,ҳәзирги ўақыттағы тийкарғы себеплер анықланады. Оқыўшы өзлестимеўшилигиниң тийкарғы себеплерин билиў көбинесе педагогикалық тәсир қураллары арсынан қолайын таңлаў, қысқа ўақыттың ишинде унамлы нәтийже беретуғын , оқыўда арқада қалыўдың

тийкарғы себебин жоқ етиўге қаратылған усылларын таңлаў имканиятын береди.

Өзлестирмеўшилктиң ҳәдийсеси билимлер ҳәм арнаўлы көникпе ҳәм жетискенликлер барлығында үзилис пенен түсинилер екен, таңланатуғын илажлар системасы дәстүрдеги темаларды өзлестириўдеги үзилистиң жоқ етилиўине қаратылыўы мақсетке муўапық болады.

Оқыўшылар билиминдеги бослықты толтырыўға қаратылған илажлар системасы нәтийжели болыўы ушын билим ҳәм көнликпелердеги бослықтың тереңлиги ҳәм характерин биринши нәўбетте изертлеў , анықлаў зәрүр. Бул мақсетте курстың қайсы бөлимлери өзлестирилмеген, бул бөлимдеги қайсы бөлимлер өзлестирилген, түсиндирмениң қайсы элементлери жақсы өзлестирилмеген, әмелиятта мысаллар шешиўде, шынығыўлар орынлаўда үйренилген көнликпелерди әмелиятта қолланыўда қандай бослықлар бар екенлиги анықланады.

Билимдеги бослықты анықлаў ҳәм толтырыўда дәстүрлестирилген типтеги шынығыўлар үлкен әҳмийетке ийе. Машқаланы киши бөлимлерге ажыратыў, ҳәр бири дурыс өзлестирлгенлигин бақлаў, барлық машқаланы, оқыўда арқада қалыў себебин жоқ етиўде нәтийжели есапланады.

Көбинесе өзлестирмеўши оқыўшылар оқыўда арқада қалыўда оқыў ислери барысының ролин түсине бермейди. Олар өзлериниң өзлестирмеўшилик себебин ериншеклик ямаса материалды жақсы еске түсире алмаўынан излейди. Айырым оқытыўшылар да оқыў ислерин әстен орынлаў, дәстүрдеги зәрүр мағлыўматларды , мтериалларды ядлай алмаўынан деп баҳалап, қәтеге жол қояды. Соның ушын өзлестирмеўши оқыўшылар менен ислегенде, олардың оқыў ислери барысын бәрқулла анықлаў зәрүр.

Өз-өзин бақлаўдағы көнликпе ҳәм жетискенликлериндеги кемшиликлерди жоқ етиўге айрықша итибар қаратыў зәрүр. Жаман орынланған үә тапсырмасы ушын жаман баҳа қойылса, оқыўшы үйде сабақларды жақсы таярлағанлықларын айтады.Бундай қәтелесиўге себеп

үй тапсырмаларын орынлап атырғанда материал өзлестирилгенин тексерилмеўинен болады.

Билимлердеги бослықты толтырыў егер оқыўшы хызметин шеберлик пенен режелестириў, теманы үзликсиз тәкирарлаў менен бирге қолай ақылый климат, оқыўшыға жақсы мүнәсибетте болыў, жақсы сүйлеў, оның бослықты толтырыўдағы биринши табыслары қоллап-қуўатланылса, дурыс жуўаплар ушын мақтап барылса оның барлық қыйыншылықлары, сораўлары тилеклери, дыққат пенен қарап шығылса, жақсы нәтийже береди. Бунда оқыўшы оқыў ислерин дурыс баҳалаў үлкен әҳмийетке ийе. «Еки баҳа» , «ноль» балларын ҳәдден тысқары көп қойыў, оқыўға унамлы мотивлерин сөндирип, өзлестирмеўшиликти жоқ етиўге тосқынлық етеди. Соның менен бирге оқытыўшы белгиленген мүддетте оқыўшылардың ўазыйпаларын орынлаўын қтаң түрде бақлап барыў керек.

Жоқарыдағыларды улыўмаластырып өзлестирмеўши оқыўшы билим, көнликпе ҳәм тәжирийбелериндеги кемшиликлерди жоқ етиў ушын төмендеги жумысларды әмелге асырыў зәрүр.

1.Оқыў хызметин режелестириўде жәрдем бериў.

2. Оқыў хызмети процессинде қосымша жол-жоба бериў.

3. Оқыў хызметине ийтермелеў.

4. Оқыў хызметин бақлап барыў.

Өз бетинше жумысларды шөлкемлестриў арқалы өзлестирмеўшиликти жоқ етиў болмағанда, оларды жақсы оқыйтуғын оқыўшыға бириктирилип қойылады. Дәстүрдеги материаллардың көбиси өзлестирилмегенде, оқытыўшының өзи оқыўшылар менен қосымша шынығыўлар өткереди. Бундай қосымша шынығыўларды өтип атырғанда төмендегилерге итибар бериў керек:

А) Оқыўшыларда оқыўдағы кемшиликлер ҳаққында сораў бериў көникпесин қәлиплестириў.

Б) Қолай ақылый психологиялық климат жаратыў, өзлестирмеўши оқыўшының ҳәр қандай сораўына қызығыўшылық пенен жуўап қайтарыў,

бул оқыўшы басынан кеширип атырған қыйыншылықлардың әҳмийетин оқытыўшыға тез аңлаў имканиятын береди.

В) Мәселелерди шешиўдиң улыўма жолларын түсиндириўде оқыўшыларға жәрдем бериў.

Г) Қосымша шынығыўларда тек ғана өтилген материалларды емес, ал жаңа темаларды өзлестириўге де жәрдем беретуғын тапсырмаларды шешиў зәрүр.

Интеллект раўажланыўында бослықты жоқ етиўде индивидуал жантаыўдың табысы оқытыўшының блимлерди табыслы өзлестирўине кесент беретуғын оқыў исиниң басқаша усылларын анықлаўға байланыслы. Басқаша усылларға билимлерди өзлестириўде кесен беретуғын механикалық есте сақлап қалыў, үйренилип атырған нәрседен тийкарғысын ажырата алмаў, ойлаўдың еркин емеслиги, ақылый операцияларды көшире алмаўшылық, ҳәм басқалар киреди. Оқыўшыларға еркин пикирлеўди , ойлаўды раўажландырыўда И.А.Каримовтың Олий Мажилис IX сессиясында сөйлеген сөзи үлкен әҳмийетке ийе: “Демократиялық жәмийетте балалар, улыўма ҳәр бр инсан еркин пикирлейтуғын етип тәрбияланады. Егер балалар еркн пикирлеўди үйренбесе, берилип атырған тәлим нәтийжесиз болады. Әлбетте билим керек, бирақ билим өз жолына, еркин пикирлеў де үлкен байлық есапланады.”.[5]

Бослықты жоқ етиў процессинде ойлаўды раўажландырыў ушын көбирек үй тапсырмаларын өз бетинше шешиў, менен бирге ойлаў операцияларын раўажландырыўға үлкен әҳмийет бериў зәрүр. Оқытыўшы бул исти жеңиллестириў мақсетинде қәте пикирлерди айқынластырыўдың түрли усылларын қолланыў керек.

Ақылый хызметтиң ақылый емес усылларын жоқ етиў ушын баслаўыш класста П.Я.Гальпериннниң ақылый ҳәрекетлерин басқышпа-басқыш қәлиплестириў усылынан пайдаланыў зәрүр.Биринши басқышта

---

[5] Каримов И.А. Баркамол авлод Ўзбекистон тараққиётининг пойдевори. –Т.: Шарқ. 1997 й. Б.9

ҳәрекетти ориентирлеў тийкарын ийелеў ушын мәселе предметлер, ҳәриплер, менен шешиледи, яғный предметтиң тийкарғы белгилери оқыўшыларға таяр ҳалында көрсетиледи. Екинши басқышта предметлер сөзде, сөз арқалы ҳәрекет етиў тийкар болып есапланады. Соңғы басқышта ақылый ҳәрекетлер еркин таянышсыз әмелий ҳәрекетлерге өтеди.

Өзлестирмеўшиликти жоқ етиўде биз көбинесе оқыўшының оқыўға болған мүнәсибетин жүзеге келтирген себебин анықлаўымыз керек. Көп жағдайларда бундай себеплер қатарына көп сабақ қалдырыў, оқытыўшылар , ата-аналар менен келиспеўшиликлер , оқыўдың әҳмийетин түсинбеўшилик оқыўшыны оқыўдан шалғытатуғын қызығыўшылықлардың барлығы, өз оқыў имканиятларын надурыс баҳалаў киреди. Көп жағдайларда бос өзлестириўши оқыўшыда өзине исенбеўшилик, өзлестирмеўшиликти өз күши менен жоқ етиў имканиятына исенбеўшилик, оқыўға унамсыз мүнәсбиет жүзеге келеди. Айырым ўақытлары керисинше жағдайлар да болады, оқыўшы барлық нәрсени жақсы орынлап атырман деп есаплайды, бирақ оқытыўшылар оларға ҳәдден тысқары талапшаң мүнәсбиетте болып атыр деп ойлайды.

Бундай жағдайларда оқыўшыда өзине болған қатты исеним пайда болады. Соған уқсас жағдайларды жоқ етиўдиң тийкарғы қуралы оқыўшы оқыў имканиятларын баҳалаўдағы қәлиплескен стереотиплерди жоқ етиў болып есапланады, оқыўшының надурыс карасларын өзгертиўдиң ең жақсы усылы –ол киши табысларға ерискенде дурыс баҳалаў есапланады. Оқыўшының қызығыўшылықларына сай ўазыйпаларды таңлап, оқытыўшы гезектеги сабаққа материал таярлағанда оны биргеликтеги хызметке шақырады ҳәм көрсетилегн активлик ушын мақтап, оны кейинги тапсырмаларға унамлы мүнәсибетин оншелли қыйн болмаған теманы өзлестириўде пайдаланады.

Оқыўшыны жаңа табысларға марапатландырыў оған жәнеде қурамалырақ тапсырмаларды орынлаўға, билим, көнликпе ҳәм жетискенликлериндеги кемшиликлерди толтырыўға ийтермелейди.

Анық оқыў тапсырмаларын орынланыўын обьектив баҳалаў менен бирге табыслары ушын бәрқулла марапатланып қәлиплескен төмен өзин-өзи баҳалаўды ҳәм оның тийкарында жүзеге келген оқыўшының оқыўға деген унамсыз мүнәсибетин  жоқ етеди. Булардың барлығы оқыўға болған унамсыз мүнәсибетин жоқ етиў ушын шәраят жаратады.

Айырым ўақытлары өзлестирмеўши оқыўшылар билим, көнликпе ҳәм жетискенликлердиң кемшилиги менен байланыслы оқыўға унамсыз мүнасибетин қәлиплестиреди. Бундай жағдайларда оқыўға болған унамсыз мүнасибетин жоқ етиўдиң тийкарғы қуралы ретинде оқыўшыға өзлестирмеген темаларды өзлестириўде индивидуал жәрдем бериў керек.

Оқыўға деген унамсыз мүнәсибетти жоқ етиў процессинде жүзеге келген машқалалы жағдайларды шешиў, ямаса класс жәмәәти, ата-аналар ҳәм оқытыўшылардың талапларына унамсыз мүнәсибетлерин жоқ етиў бойынша арнаўлы жумыслар алып барыўға туўры келеди. Егер бундай жағдайларда жүзеге келген унамсыз мүнәсибет қапашылық, наразылық, жалғызлық сыяқлыларда пайда болса, оқыўшының класс жәмәәти , ата-аналары, оқытыўшылар менен өз ара мүнәсибет характерин өзгертиўлери шәрт. Буның ушын дәслеп, бундай оқыўшы менен мүнәсбетте туўрыдан-туўры жазалаўдан ўаз кешиў керек. Соның менен бирге оқытыўшы оқыўшының оған қойылатуғын талаплары ҳаққында өз пикирлерин билидириўге ийтермелеўи зәрүр.

Оқытыўшыларға, ата-аналар ҳәм класс жәмәәтине унамсыз мүнәсибетин ашықтан-ашық көрсететуғын ҳәм саналы рәўиште машқалаларды тереңлестириўге шекем баратуғын оқыўшылар менен ислеў бирқанша қурамалырақ.

